ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№86 (23.744) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и джэпсалъэ

Урысей Федерацым и Президент ПУТИН Владимир

Урысей Федерацым и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и Унафэщі МАТВИЕНКЭ Валентинэ

Урысей Федерацым и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщі ВОЛОДИН Вячеслав

Урысей Федерацым и Правительствэм и Унафэщі МЕДВЕДЕВ Дмитрий сымэ я деж

Анэдэлъхубзэр хъумэныр, абыкІэ щІэныгъэ зэгъэгъуэтыныр цІыху хьэкъхэр къэзыгъэгъунэ лъапІэныгъэхэм ящыщу дунейм псом къызэдалъытащ. Лъэпкъыбзэхэр къэзыхъумэ хабзэхэр иІэщ Урысейми. Урысей Федерацым и Конституцим къызэрыхэщымкІэ, абы хьихьэ щІынальэхэр хуитщ еозхэм я бзэхэр къэралыбзэу къалъытэну, а бзэхэмкІэ егъэджэныгъэр кьызэрагъэпэщыну (68-нэ едзыгъуэ).

Урысей Федерацым и къэралыбзэм теухуа Законым и 1-нэ едзыгъуэм и 7-нэ пычыгъуэм зэрыжиІэмкІэ, щІынальэ псоми урысыбзэр къэралыбзэу зэрыщІэзывым ськиКІыркъым лъэпкъхэм я бзэхэр зэрахьэну, ирагъэфІэкІуэну, егъэджэныгъэм щІызэрахьэну хуиныту.

Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа Законым и 3-нэ едзыгъуэм и 5-нэ пычыгъуэм къызэрыщтэмкІэ, лъэпкъыбзэхэр зыри ськымынэу Урысейм и хьугъуэфІыгъуэщ, ахэр хъума хъуным, егъэфІэкІуэным, зегъэужьыным шэсыпІэ хуэхъуу.

Ауэ, зэрытлъагъущи, а хуитныгъэхэр къызэпауд, кІуэ пэтми къыжьдакъыз хъуащ. ГугъэкІуэдщ иджыблагъэ Къэрал Думэм къыщыхалъхьа законым и проектыр: лъэпкъыбзэхэр езы еджакІуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ я фІэфІныгъэ хэлъу фІэкІа егъэджын хуэмеёуэ, ари урысыбзэм и джыным пэрыуэгъу хуэмыхъуу къызэгъэпщдзэу щытыпхъэу жызыІэр.

Иджыпсту къэхъуа щытыкІэм дацызыхуишэращи, ди анэдэлъхубзэм и къэкІуэнум, апхуэдэу щыщыткІэ - лъэпкъым и щІэныгъэм дытешыныхь хъуащ. Абы къызэкІыу дэ, адыгэхэм, ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ Егъэджэныгъэм теухуа Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Къэрал Думэм и депутатхэм ищхъэрэ палатэм утыку къыщрахьа законопроектым къыщыгъэзыгъуэхэм.

Шэч хэлъкъым, урысыбзэр, ар къэралыбзэу щыщыткІэ, щІэныгъэ щызрагъэгъуэту къэралым иТ еджапІэу хъуам щадж, абы ехьэлІауэ щыІэ егъэджэныгъэ пщалъэхэр къанэ щымыІэуи ягъэзащІэ. Гурыуэгъуэщ, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм щІэныгъэр зэрызрагъэгъуэтыр урысыбзэщ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым я хьугъуэфІыгъуэхэм зэрызыщагъэгъуазэри я бзэращ. Ауэ анэдэлъхубзэр къуэлъхьэжьным хуэунэтІауэ къыхалъхьа мы проектыр пхыкІмэ, лъэпкъ мащІэхэм я бзэхэр кІуэдыпІэ ираша хъуэу аращ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм хьихьэ хасэ къудамэ 16-м хэтхэр хуабжьу егъэпІейтей анэдэлъхубзэм лей езых законым и проектым. 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м Тырку къэралыгъуэм и кьалащхьэ Анкара щызэхэта зэкъыжьэм бзэм екъэлІауэ кьыщаІэта псалъэмакъымкІэ абы щЫпІэшхуэ щиубыдащ. Хэкурысри хэхэри зэхуэдэу зыгъэгумэщІ мы Іуэхугъуэм теухуауэ абдеж джэпсалъи кьыщащІащ.

Урысей Федерацым и унафэщІхэу пщІэ зыхуэтщІхэ! Мелуан зыбжанэ хъууэ дуней псом хэпхъауэ псэу адыгэхэр я адэжь лъахэмкІэ кьеплъакІэ зыпІщ. Зыр адрейм кьыщхьэщызыгъэкІ бзэр кьызыжьэдатхъыну зи ужь ихьа лъэпкъхэм, абы адыгэхэри яхэту, я Іуэхур хэплъэгъуэщ. Бзэр джэгуалъэ зэращІам дыдэкІуэдынкІэ зэрыхъунри кьэлъытапхъэщ, абы кьызэщІиубыдэнур Урысейм щыпсэухэм я закъуэкъым, атІэ хамэ къэрал куэдым ис ди лъэпкъэгъуэхэри кьызэщІигъэстынкІэ шынагъуэ щыІэщ.

Дуней псом щыпсэу адыгэхэм (шэрджэсхэм) лъэІу фхудиІэщ: бзэм теухуауэ кърахьэжьахэм кууэ зыщывгъэгъуэзэну иКІи лъэпкъым и дежкІэ абы иІэ михьэнэр нэсу ськэфІыгъэну, анэдэлъхубзэхэр хьумэнымрэ зегъэужьынымрэ хуэунэтІа Іуэху щхьэпэхэр влэжьыну, Урысейм щыпсэухэм я лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр хъума хъун папщІэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэр зэрыхуа щытыкІэ гугъуэм кьышыным фи гуащІэ хэфлъхьэну, егъэджэныгъэм и кІуэцкІэ абы щиІэн хуей пщІэми и кьыщхьэщыжакІуэ фыхъуну фыкъыхудоджэ. Бзэ зимыІэжьым лъэпкъкІэ уеджэжьфыныкъым, а гуэзвэгъуэр кьызэрытлъыщІыхьар зыхьымыщІэнкІэ Іэмал зимыІэщи, фыпэувыну, хэкІыпІэ кьыхуэзгъуэтыныи зыфхудоГаазэ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ

Тырку Республикэ, Анкара къалэ, 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м

* * *

Гу зылъытапхъэ

Апхуэдэуи анэдэлъхубзэм теухуауэ зыгъэпІейтей-хэр кьыщагъэлъэгъуэ тхыгъэкІэ зыхуагъэзащІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Къумпылъ Мурат, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тулэ областымрэ я зэдэлэжьэныгъэм зеубгъу. КІуэкІуэ Юрий зи пашэ делегацэр республикэм иКІри а щІынальэм кІуащ

Делегацэм хэтщ министерствэхэм, ведомствэхэм, сату-промышленнэ палатэм, къэрычэт Іуэхур дэІыгъыныкІэ фондым, промышленностым, уху-зныгъэм, мэкъумэш хозяйствэм, сырьем елэжь Іэнатіэм, курортымрэ туризмэмрэ я Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэр, бизнесым и лІыкІуэхэр.

ЛІЫКІУЭХЭР а щІынальэм щыщІэнэну лъэхъэнэм областым и Іэхущ Іапі э инхэм еплъынущ, апхуэдэу лъэныкъуитІми я экономикэ, инвестицэ зэфІэкІхэр утыку къралъхьэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Тулэ областым и губернаторымрэ я зэлущ Іэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуитІми я сэбэн зыхэлъ Іуэху куэдым.

КІуэкІуэ Юрий Юмин Алексей фІыщІэ хуищІащ КъБР-м и лІыкІуэхэр зэрырагъэблагъэм иКІи хьэщІагъэ кьаазэрыфкъым папщІэ. Тулэ областым, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, Урысейм и щІынальэ нэхъ зызыужьхьэм ящыщщ. Тулэ зыхъумэжьныгъэм телажьэ промышленнэ комплексым и предприятэ инхэр дэтщ, щІэупщІэшхуэ зиІэ, дуней псом къыщыщІагъэкІэм фІагъкІэ кьакІэрымыкъу продукцэ щагъэзэжьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІынальэм ирищэфынущ электроэнергетикэм къыщагъэсэбэп иджырей Іэмэпсымэхэр, налмэс Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр, медицинэм къыщагъэсэбэп техникэр. ИджыпстукІэ областым ещхьу рентген Іэмэпсымэхэмрэ кабель продукцэмрэ. Апхуэдэу лъэныкъуитІыр зэдэлэжьэфынущ нэгъуэщІ къэралхэм кьрашхэм фІагъкІэ кьакІэрымыкъу ерыскъыпхъэхэр кьэлэкхъуейлъалъэ мыгурыІуэгъуэхэр цІыхубэм зэрыращэмрэ. «Роспотребнадзор»-м гъэшым елэжь Іэнатіэу 1300-м нэблагъэр къипщытати, абы щыщу 16-р зытетын хуей мардэхэм ебакъуэу кьыщІэкІащ. Абыхэм етхьэкъуащ сом мин 360-кІэ.

Ди цІыхубэр ерыскъыфІэ кьызэгъэпэщыным теуха Іуэхугъуэхэм адэкІи кьыпащэнущ. Къэпщытэныгъэхэм хиубыдэнущ гъэшым елэжь Іуэхущ Іапі эхэри ахэр щащэ сату щІапІэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Узыншагъэ

Гъэшхэкіхэм кіэлъоплъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Роспотребнадзор» Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэм ди республикэм къыщыщІагъэкІ гъэшым и щытыкІэр зыхуэдэр къап-щытэ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ щагъэхьэзыр ерыскъыкІхэр кьызыхащІыкЫм тКІийуэ дэпэкІэ кІэлъыплъын зэрыхуеймкІэ Урысейм и Президентым къыхилъхьа унафэм кьежьапІэ хуэхъуащ къэралым и щІынальэ куэдым гъэш къабзэр зэпэуБыда зэрыщыхъуамрэ «консервант» пкъыгъуэхэр уэру зыхэлъ шэ, шатэ, жьынымкІэ. ЛъэныкъуитІми я сэбэп хэлъынущ туризмэм зегъэужьыным, цІыхухэм я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ курортхэмрэ санаторэхэмрэ кьагъэсэбэпыным. ХэкІыпІэ инхэр щыІэщ Тулэ и промышленнэ компание инхэм я Іуэхущ Іапі эхэр республикэм кьыщыІэхыныкІэ.

Ди щІынальэм и Іэтащхьэм кьыхуэгъэзауэ губернаторым кьыхигъэщхьэхуІащ: «Уэ уи унафэм щІэту нобэ Іуэху инхэр экономикэм, мэкъумэш хозяйствэм щызагъэфІагъэкІ. Зыужьныгъэм и хэкІпІэ лъэщхэм ящыщщ туризмэр. Апхуэдэу ди дежкІэ дэІэпыкъуегъу хъунущ лъэпкъ хабзэхэр хъумэным теухуауэ иджыпсту фиІэ лэжьэкІэр». Дюмин Алексей жиІащ здэлэжьэныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу промышленнэ кооперацэр зэрырувыфынур, абы и лъэныкъуэкІэ КъБР-м щыІэ зэфІэкІхэри къэбгъэсэбэп зэрыхъунур. Губернаторым къигъэлъэгъуащ бизнесым, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, щІалэгъуалэ политикэм яхуэгъэзауэ лъэныкъуитІри зэщІыгъуу зэлэжьыфынухэр куэд зэрыхъур.

А махуэ дыдэм Іэ щІадзащ 2018 гъэм Сочэ щекІуэкІэ Урысей инвестицэ зэхьэхьэшхуэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тулэ областымрэ зэрагъыІа зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІэныжьКІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм. ЛъэныкъуитІми къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тулэ областымрэ яку дэлъ зэгурыІуэныгъэхэр гъэбыдэныжьКІэ мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэнур.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Тхылъыщ Іэ

Зэи зыри къытекІуакъым

«Тыркум и цІыхушхуэхэр» - аращ зэреджэр «Дунейпсо пелуан Догу Яшар» тхылъыр зыхиубыда къыдэкІыгъуэм.

«СЭ ДОГУ Яшар и бынитхум сранэхэшІащІ, - къызэІуэх тхылъыр доктор Догу Газанфер. - Си адэр дунейм щехьжам, илъэсибл фІэкІа сыхъуртэкъыми, си нэкІэ слъэгъуар мащІэщ, ауэ си анэм, си анэшыпхъум, си шыпхъу нэхъыжьхэм, си адэкъуэшхэм, ди адэм и ныбжьегъуэ щытахэмрэ зыщІыхуахэмрэ я деж щызэхэсха гуКъэкІыж си куэдщ».

«Догу Яшар 1913 гъэм Самсун пэгъуэнэгъу Кавак къуажэм дунейм къыщІытехьэри, илъэс 13-кІэ абы щыпсэуащ. И адэр Ямэ дунейпсо зауэм хэкІуэда нэужь, щІалэ цІыкІур и анэм и дыщ кІуажэ Эмирли Іэпхъуэжащ. Илъэс 15-м щегъэжьауэ ар пелуанэжм яхэту къажьауэ жыпІэ хуунщ», - етх тхылъыр зи Іэдакъэщ Ікі Севен Ахьмэт.

ГъэкІэ (и унэщІэ дыдэр аращ) Яшар дуней утыку щихьар 1939 гъэращ. А илъэсым ар япэу алыдж-урым бэнэкІэм-щІыпІэм, щІынальэм я властхэр дэІапІыкъуныгъэ гуэр хэзыкъуэ къэхуа гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыным и лъэныкъуэкІэ?

КІуэкІуэ Юрий: - ЖысІэну сыхуейщ дэ зэпымыууэ зэпыщІауэ дызэрызэдэлажьэр иКІи ар хуабжьу фІыщІэ зэрытщІыр... Иджы дыдэ, вэсэмахуэ Дмитрий Анатолий и къуэм иригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхугъэмкІэ комиссэу ар езыр зи пашэм и зэІущІэ. ЩытыкІэм кІэлъоплъ Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхугъэмкІэ министерствэри, Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэри. Псори хъарзынэу дызэпыщІащ иКІи гугъуехьхэр зэщыгъуу дыдогъэкІ.

Нэхъыщхьэ дыдэр арщи, цІыхухэм зыри къащыщІакъым, псэухэщ, адрей лэжьыгъэхэр псынщІэу зэфІэдгъэкІынущ. Мыпхуэдэ гугъуехьхэр нэхъ япэкІи щІащи, даэзрыбгъэдыхьэнум дыщыгъуазэщ.

Программэр езыгъэкІуэкІым: - Иджыпсту Іуэхум сыт и щытыкІэр? Гъуэгур ягъэкъэбзэн, транспортыр ирагъэжьэжьн яхуэзфІэкІа?

КІуэкІуэ Юрий: - Іуэхум и щытыкІэр зэтоувэж. Республикэ комиссэ жэщми махуэми зэкІэлъыкІуэу сыхьэт 24-кІэ мэлажьэ. Гъуэгур гъэкъэбзэн зы сыхьэт япэкІэ яухауэ аращ.

Бадзэуэгъуэм и 5-м апхуэдэ дыдэу щытащ. Азау - Прохладнэ - Іуащхьэмахуэ лъапэ федеральнэ гъуэгур щІыпІэ 12-м щыгуилъэсыкІащ. Электрокъару зриКІуэ кІапсэхэр зыІыгъ пкъохэм ящыщу зыбжанэ псым хэхуащ. Ауэ лэжьыгъэхэр псынщІэу иКІи зэщІэгъэуІуауэ ящыгъэкІуэкІащ. Иджы электрокъарури, псыри, газри республикэм и жылагъуэ псоми яІэрыхьэжащ. Ауэ нобэрей Іуэхухэм яужьКІэ пщыхьэщхьэ пщІондэ электрокъарур жылагъуэ зыбжанэм, апхуэдэу унагъуэ 20-м щІигъуи екІуалІэу ящІыжьын хуейщ. Жьыщхуэ къызэрепщам къыхэкІыу унащхьэхэм зэранытгъэ яГъуэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тулэ областымрэ яку дэлъ зэгурыІуэныгъэхэр гъэбыдэныжьКІэ мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэнур.

А махуэ дыдэм Іэ щІадзащ 2018 гъэм Сочэ щекІуэкІэ Урысей инвестицэ зэхьэхьэшхуэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тулэ областымрэ зэрагъыІа зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІэныжьКІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм. ЛъэныкъуитІми къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тулэ областымрэ яку дэлъ зэгурыІуэныгъэхэр гъэбыдэныжьКІэ мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэнур.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Юрий занщІэу эфирым кІуэуэ «Россия-24» каналым щытепсэлъыхьащ къызэрымыкІуэ щытыкІэм къихьа зэраныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ щхьэхуэхэм зэрыщагъэзэкІуэжым

КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ занщІэу эфирым кІуэуэ «Россия-24» каналым щытепсэлъыхьащ къызэрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьхэр гъэзэкІуэжьным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ щхьэхуэхэм щалэжьхэм:

Программэр езыгъэкІуэкІым: - Къэбэрдей-Балъкъэрым уэлбанэщхуэ зэрыщыІам къыхэкІыу Іуащхьэмахуэ лъапэ кІуэ автомобиль гъэугур тІэунейрэ зэхуащІын хуей хуащ. ЯпэщІыкІэ Бахъсэн псым зыкъиІэтри гъэугум къытеуІэдащ, иужькІэ ятІэпс лъэщ кьехащ. КъыдэкІыпІэ ямыІэу жылагъуэ зыбжанэ къэнащ. Дэ допсалъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

Юрий Александр и къуэ, сэлам удох. Дызэхэпхрэ?

КІуэкІуэ Юрий: - Фи махуэ фІыуэ. АтІэ, фызэхьэзох.

Программэр езыгъэкІуэкІым: - Иджыпсту Іуэхум сыт и щытыкІэр? Гъуэгур ягъэкъэбзэн, транспортыр ирагъэжьэжьн яхуэзфІэкІа?

КІуэкІуэ Юрий: - Іуэхум и щытыкІэр зэтоувэж. Республикэ комиссэ жэщми махуэми зэкІэлъыкІуэу сыхьэт 24-кІэ мэлажьэ. Гъуэгур гъэкъэбзэн зы сыхьэт япэкІэ яухауэ аращ.

Бадзэуэгъуэм и 5-м апхуэдэ дыдэу щытащ. Азау - Прохладнэ - Іуащхьэмахуэ лъапэ федеральнэ гъуэгур щІыпІэ 12-м щыгуилъэсыкІащ. Электрокъару зриКІуэ кІапсэхэр зыІыгъ пкъохэм ящыщу зыбжанэ псым хэхуащ. Ауэ лэжьыгъэхэр псынщІэу иКІи зэщІэгъэуІуауэ ящыгъэкІуэкІащ. Иджы электрокъарури, псыри, газри республикэм и жылагъуэ псоми яІэрыхьэжащ. Ауэ нобэрей Іуэхухэм яужьКІэ пщыхьэщхьэ пщІондэ электрокъарур жылагъуэ зыбжанэм, апхуэдэу унагъуэ 20-м щІигъуи екІуалІэу ящІыжьын хуейщ. Жьыщхуэ къызэрепщам къыхэкІыу унащхьэхэм зэранытгъэ яГъуэтащ. Нобэрэ пщэдейрэ аргуэру уэ хэлъу уэлбанэщхуэ щыІэнкІэ хъуну къалъытэ, абы къыхэкІыу зэранытгъэхэр нэхъ мащІэ хъун папщІэ псы Іуфэхэр, лъэмыж къеКІуэлІапІэхэр яГъэбыдэ иКІи псори тэмэму зэфІэкІыну дыщогугъ. Нэгъуэщ І къэралхэм кьиКІауэ щыІыу 30 хуэдиз яхэту, туристхэр ирагъажьэжащ. Щхьэж езыр зыхуей щІыпІэм кІуэжащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ турист 3500-м нэблагъэм зыщагъэпэсэху иКІи екъэжьыну я мурадкъым.

Программэр езыгъэкІуэкІым: - Езы щІыпІэм, щІынальэм я властхэр дэІапІыкъуныгъэ гуэр хэзыкъуэ къэхуа гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыным и лъэныкъуэкІэ?

КІуэкІуэ Юрий: - ЖысІэну сыхуейщ дэ зэпымыууэ зэпыщІауэ дызэрызэдэлажьэр иКІи ар хуабжьу фІыщІэ зэрытщІыр... Иджы дыдэ, вэсэмахуэ Дмитрий Анатолий и къуэм иригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхугъэмкІэ комиссэу ар езыр зи пашэм и зэІущІэ. ЩытыкІэм кІэлъоплъ Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхугъэмкІэ министерствэри, Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэри. Псори хъарзынэу дызэпыщІащ иКІи гугъуехьхэр зэщыгъуу дыдогъэкІ.

Нэхъыщхьэ дыдэр арщи, цІыхухэм зыри къащыщІакъым, псэухэщ, адрей лэжьыгъэхэр псынщІэу зэфІэдгъэкІынущ. Мыпхуэдэ гугъуехьхэр нэхъ япэкІи щІащи, даэзрыбгъэдыхьэнум дыщыгъуазэщ.

Программэр езыгъэкІуэкІым: - Синоптикэм сыт жаІэр? Уэлбанэщхуэм къытригъэзэжьнкІэ хъуну?

КІуэкІуэ Юрий: - Пэжыр жыпІэмэ, фІым дыщагъэгугъыркъым. АтІэми дуней псом нэхъ хуабэ щохъу... Ди деж мылджейхэр щыкуэдщи, ари къэлъытэн хуейщ. Федеральнэ Іэнатіэм къыщащта унафэхэм, Правительствэм и Унафэщ Іым зи гугъу ищІахэм я фІыгъэкІэ гузэвэгъуэхэр къэмыхъу щІыкІэ Іуэхум зыхуэдгъэхъэзырыфыну, псы Іуфэхэр дгъэбыдэфыну, нэгъуэщІ лэжьыгъэ куэд зэфІэдгъэкІыфыну сыщоГугъ. Мыр ди деж япэу щагъэунэхун папщІэ къыхэтлъха проектыр. Федеральнэ, щІынальэ министерствэу Іуэхум къегъэщІылІахэм ящІыгъуу лэжьыпхъэхэр зэхэтлъхьащ иКІи къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ программэ къуэдзэ дгъэхьэзыращ. Псоми долъагъу Сыбырми, КъуэкІыпІэ Жьыжьэми, нэгъуэщІ щІынальэхэми къыщыхъуэр, абы къыхэкІыу а программэм мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Программэр езыгъэкІуэкІым: - Сыщ-щІэ фхуэзощІ Іуэхум и щытыкІэм теухуауэ къыджепІахэм папщІэ. Псоми фигу кьызэгъэкІыж: дэ депсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий иКІи абы зэпхъыхьауэ щыгъуазэ зиищІащ а щІынальэм щыІэ щытыкІэм.

«Россия-24» каналым къитахэм ялкъ итКІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и деж балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УНАФЭ

№119-ПП

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Унафэ №311-ПП-мкІэ къыщІатам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм мыхэр хэгъэхьэн:

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщІщ)*

Алэкъей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпхуэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэкъэкІэ и министрым и къуэдзэр»;

б) Асанов А. У. и къулыкъым зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лэжьыгъэмрэ щІыхуэкъэ социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьныкІэ и министр»;

в) Геккиев С. З. и къулыкъым зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпхуэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэкъэкІэ и министрым и къуэдзэр»;

г) КІурашын А. В. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ ІуэхуэкъэмкІэ и министрыр»;

д) Мокаев А. М. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпхуэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэкъэмкІэ и министерствэм и щІадамэм и унафэщІыр *(комиссэм жэуап зыхь и секретарщ)*»;

е) комиссэм къыхэгъэкІыжьын Емуз Н. Гъу., Тюбеев А. И., Хъущт А. В.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Шэджэм щІынатІэ

Псыр яхурикъуркъым

Шэджэм ЕтІуанэм и щІыпІэ администрацэм псы къыщІэщыпІэщІэм и проект игъэкъэзыращ. КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм-кІэ и министрствэр абы хэплъэн хуейуэ щытщ.

МЫ ЗЭМАНЫМ жылагъуэдэсхэм псыр пІалъэ пыухыкІам тету ират. Абы и щхьэусыгъуэр нобэ яІэ псыкъыщІэщыпІиупІыр зэрахъуримыкъурщ. ПсыкІэ гугъу йохъ Ахьэхъэхьымрэ Къэзанокъуэмрэ я уэрамхэм хуэзэу ягъэтІысауэ щыта хьэблэщІэрэ. Шэджэм ЕтІуанэр псы зэфэнумрэ кьиГъэсэбэпынумкІэ къызэзыгъэпэщ «Псынэ» ООО-м и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ мы махуэ хуабэхэм хьэблэ къэс чэзууэ псыр зэрыритнум. Псы къыщІэшыпІэщІэр яуху-хэмэ, къуажэр мы гугъуехьхэм хэтыжьнукъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Іуащхьэмахуэ лъапэ кІуэ гъуэгум къытрихьа ятІэр трахыж

Дыгъуасэ пщэдджьжьыр сыхьэти 5-м нэблэгъауэ Прохладнэ - Бахъсэн - Азау федеральнэ автомобиль гъуэгум щыщу нартсанэ къыщІэжьпІэм хуэзэм (97-нэ километрым деж) уэлбанэщхуэм бгыр къыщрилъэсэхащ иКІи гъуэгур зэхуащІын хуей хуащ. Сыхьэт 11-м ирихьэлІэу а щІыпІэр ягъэхьэбзэжащ. ЦІыхухэм ящыщу зыри хэкІуэдакъым. ЯтІэпсыр къыщеха щІыпІэр нэгъэсауэ зыхуей хуагъэззэжьным иджыпсту йолэжь Іуащхьэмахуэ и къэлъыхъуакІуэ-кьеГъэлакІуэ гупым щыщу цІыхуи 3, апхуэдэу «Кавказ» гъуэгур зезыхьэ управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм и гъуэгу лэжьакІуэхэм ящыщу цІыху 20, техникэ зэмылІэужьыгъуэу 15.

А щІыпІэм щыІэщ Іуащхьэмахуэ районым и щІынальэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къандщоубий. Абы зэрыжиІамкІэ, ятІэпсыр къыщеха сыхьэтым щегъэжьауэ Іуащхьэмахуэ и къэлъыхъуакІуэ-кьеГъэлакІуэ гупым щыщу цІыхуи 3, апхуэдэу «Кавказ» гъуэгур зезыхьэ управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм и гъуэгу лэжьакІуэхэм ящыщу цІыху 20, техникэ зэмылІэужьыгъуэу 15.

А щІыпІэм щыІэщ Іуащхьэмахуэ районым и щІынальэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къандщоубий. Абы зэрыжиІамкІэ, ятІэпсыр къыщеха сыхьэтым щегъэжьауэ щІыпІэм зыхуей псори ялажьэфынущ. Гъуэгум щыщу зэранытгъэ зыгъуэта щІыпІэм транспортыр щызэблагъэкІ Урысейм и МВД-м и къудамэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм и ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм. Бахъсэн псым и щІыпІэмэ зэрымыууэ кІэлъоплъ. Федеральнэ гъуэгум щыщ Іыхьэу нэхъ ятІэкІэ зэранытгъэ зыгъуэтаэ щытахэм псыр ебгъэрыкІуакъым.

ТАРИМ Алисэ.

● Дзэм хэтхэм я зэпеуэ

Бгылъэ щIыпIэхэм зыщагъасэ

«Эльбрусское кольцо-2018» зэпеуэр иухащ. Тхьэмахуитлкlэ, мэкъуаузгъуэм и 27 - бадзэуэгъуэм и 9-хэм, дзэ къудамипщым (дэтхэнэми сэлэт 12 хэту) Іуащхьэмахуэ и хъурейгькlэ километри 100 гъуэгуанэ къыщыздэпачащ. Дзэм къулыкъу щызыщlэхэр Іуэхугъуэ 14-кlэ зэпеуащ, щхьэдэхыпlэхэр къызэнэкlыныр. Іуащхьэмахуэ и къуэхэпlэ лъэныкъуэм дэкlыныр хьыхьэу, - къет щIыпIэ администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэм и унафэщl Тарим Алисэ.

ЗЭПЕУЭМ кърикIуахэмкlэ бжьыпэр иубыдащ УФ-м Іэщlэкlэ Зэщlэузэда и Къарухэм я Управленэ нэхъыщхьэм и Генеральнэ штабым и командэм. Етlуанэ увыпlэр лъысащ Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъум и гупым. Хьэуа-денсантыдзэхэм я лIыкIуэхэр ещанэщ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащlыжым, тепкIуахэр щагъэлъапlэм хэтащ Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэ **Залиханов Къанщоубий**.

Мы зэхьэзэхуэр екIуэкlащ 2018 гъэм къэрал зыбжанэм я дзэхэм я зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзырым и Іыхьэу. Абы хэтащ дэтхэнэ дзэ округми, Ищхьэрэ флотым, Хьэуа-десант дзэхэм, Урысейм Зыхъумэжьыныгъэмкlэ и министерствэм Физкультурэмкlэ и дзэ институтым, УФ-м Іэщхькlэ Зэщlэуэзда и Къарухэм я Управленэ нэхъыщхьэм и Генеральнэ штабым, Совет Союзым и маршал Рокоссовский К. К. и цIэр зезыхьэ Къуэкlыпlэ Жыжьэ дзэ еджапlэм, Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъум и гупым. Хьэуа-денсантыдзэхэм я лIыкIуэхэр ещанэщ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Адыгэхэм траухуэ

«**Акрополь» шхапlэ-нэгуэныжь центрым щекIуэкlащ «Образы мира. Народ: Адыгэ» альманахым и апэ Іыхьэм и лъэтеувэ пшыхь. Лэжьыгъэ щхьэпэр утыку кьрихьащ тхакIуэ-зэдзэкlакIуэ, къэхутакIуэ, лъахэхутэ, тхыдэдж Осташкэ Андрей.**

ПШЫХЬЫМ кьрихьэлlахэм апэщыкlэ Осташкэ Андрей яхутепсэлъыхьащ Іыхьэ пщыкIуплlу зэхэт альманахым и апэ Іыхьэм щlэныгъэлl, лъахэхутэ, тхыдэдж куэдым я гуащlэ зэрырахьэлlам, ар къаззрехъулlам, абы и купщlэм, къыщагъэсэбэпа лэжьыгъэхэм. Абы фIыщlэ яхуищlащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Кърым республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Москва, Севастополь къалэхэм ящыщ щlэныгъэлIхэу, художникхэу, хьэрычэтыщlэхэу, псапащlэхэу альманахыр дунейм къытехьэным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщlахэм. Ди лъэпкъ тхыдэм, бзэм, хабзэм, щэнхабзэм, альманахым къыщагъэсэбэпа тхыгъэхэм, нэгъуэщI куэдми теухуауэ къырихьэлIахэм зэрызыхуагъэзэ упщlэхэм абы зыубгъуауэ жэуап иритащ.

- Нэхъ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм дуней псом и нэгуэщI лъэпкъ куэдым я пащхьэм жэуаплныигъэ ин щывохь абыхэм ефIэкI бзэ къулей, хабзэ, щэнхабзэ дахэхэр фызэриIэмкlэ. Лэжьыгъэм иджыри пытщэну, ар Іыхьиблу зэкlэлъытхьыну ди мурадщ. КъыкIэлъыкIуэну къыдэкIыгъуэхэр дунейм къытехьэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыну зи гупыж дэтхэнэми апхуэдэ Іэмал фиIащ, - жиIащ Осташкэ Андрей.

Альманахым хэлэжьыхьахэм ящыщщ художник, къыдэкIыгъуэр зи жэрдэм **Мельничук Борис**, журналист, драматург, редактор **Мельничук Ольгэ**, режиссёр, журналист, къэхутакIуэ **Симоненко Денис**, редактор **Юкалэ Татьянэ**, дизайнерхэу **Сыч Екатеринэ**, **Ковтун Аннэ**, **Миргородская Юлие**, альманахым и къэхутэныгъэхэм хэта суэттеххэу **Постниковэ Юлиерэ Сычёв Андрейрэ**, нэгъуэщIхэри.

Урыс Географие зэгухьэныгъэм Кавказ Ищхьэрэм щIэ къудамэм и унафэщI **Куэжьокъуэ Мухьэмэд**, щIэныгъэлI **Щаужь Альберт**, Тыркум къикIа ди лъэпкъэгъу **Нэзэр Хьэмид** сымэ, нэгъуэщIхэми Осташкэ Андрейрэ альманахым елэжьахэмрэ фIыщIэшхэр хуащlащ ди лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэ купщlафIэ къызэрыдагъэкlам, адыгэм и тхыдэм, и гъащlэм апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащlам папщIэ.

Тхыдэ къэхъугъэхэмкlэ, лъэпкъ хабзэм щыщ Іыхьэхэмкlэ гъэнщIа икIи сурэт екIуэхэмкlэ гъэдэхэжа альманах телъыджэм и напэкIуэцIхэм удихьэхыу щызэхэхуэнащ адыгэ лъэпкъым ди тхыдэр, нобэр, хабзэ дахэхэр, щэнхабзэр, псэукlэр, Іэщlафащэхэр, дызэрыгушхуэ цIыху цIэрыIуэхэр, уэзщlакIуэхэр, тхыдэ дэфтэрхэр, нэгъуэщIхэри. КъыдэкIыгъуэ гъэзэджэр дэтхэнэ зы адыгэми къытхуэщхьэпэнчу ди лъэпкъ псыпэм дриплъэжьныжьмкlэ, нэхъри зытцIыхужьныжьмкlэ, апхуэдэу нэгъуэщIхэми дыкъащlэжьмкIэ!

Пшыхьым хэтащ щlэныгъэлI **ПхытIыкI Хьэутий**, жылагъуэ лэжьакIуэ **Бырхьэм Мухьэмэд**, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ псапащlэ фондым и унафэщI **Щоджэнцыкlу Леонид**, «Акрополь» хьэщlэщыр зыгъэлажьэ **Къардэн Хьэсэн** сымэ, щlэныгъэлIхэр, адыгэ тхыдэм дихьэхыу зыкъэрезыгъэхьэлIахэр, ирагъэблэгъахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

Мейкъуапэ къикI фIыщIэ

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и управленэм и унафэщI полицэм и полковник Геграев Марат къыIэрыхьащ Адыгэ Республикэм и щыхьэр Мейкъуапэ щыпсэу Джарым Сультlан къыгъэзэкI письмо, полицэм и участковэ уполномоченнэ Къалэ Юрий фIыщIэ къыхуищIу, куэд щIауэ зи хьыбар имыщIэ и Іыхьлыхэр къэгъуэтыжынымкlэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

«УЭ ФIЫЩIЭ пхуэсщIыну сыхуейщ уи унафэм щIэт гупым папщIэ. Си Іуэхумкlэ зыхуэзгъэзат участковэм. Абы зэрызыпысщlэнур республикэ МВД-м и интернет-сайтым къыщыгъэтащ. ЗэгъэтIылъэкI имыIэу си лъэIум къыпэджащ полицей участковэ Къалэ Юрий Хьэбил и къуэр икIи сэ къэслъыхьуэ щIыхьэм, къызэрыщlэкlамкlэ, иджы Москва щыпсэуэжьм, я телефон номерыр къысхуищIащ. Уэри уи лэжьакIуэ гупми фи Іэнатlэ мытынышым екъуIэныгъэхэр фыщIиIэну си гуапэщI», - кьетх Джарым Сультlан.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Іуэхущlапlэ.

● Пшыхьхэр

Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ и лъэбакъуэ махуэ

Сэраълъп Мадинэ и Арт-центрым иджыблагъэ щекIуэкlащ Гъуаздджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтыр мы гъэм къэзыухуа пшынауэ Іэзэ Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ и концерт гъэщIэгъуэн.

ПШЫНЭ ауэным Сюзаннэ илъэс 13-м щIигъуауэ хуезыгъаджэ КъБР-м гъуаздджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Гъуаздджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтым лъэпкъ Іэмэпсымэхэмкlэ кафедрэм и доцент, пшынауэ Кхъуэжь Мадинэ пшыхьыр къыщызэIуихым жиIащ Тхьэлыджокъуэр апэщIыкlэ адрей иригъаджэ сабийхэм зыкIи къащхьэщымыкIыу щIытами, иужькlэ езым Іэщlагъэ хуэхъунур кьыхихри, а уэнтIыныгъэм и щэху нэхъыбэ зэрызригъэщlэным яужь итар. Мадинэ и псалъэхэм къыхуигъэщащ, Сюзаннэ зэрыщlыкIуэр хьэл-щэн зэпIэзэрыт иIэу къыззрытраджар - ар куэдкlэ сабэп къыхуэхъужащ пшынауэ пщащэм.

Къызэхуэсахэр щIагъэдэIуащ хэхэс адыгэхэм, иджырей композиторхэм я Іэдакъэщlэкlэхэм, адыгэ макъамэ нэхъыфIхэм. Пшынэбзэм куэд къызэрыхуэIуэтэнур, макъамэ нэсым купщlэшхуэ зэриIэр наIуэ ищlащ Тхьэлыджокъуэм.

- Лъэпкъым пхуэмыкIыну, пхуэмыгъэкIуэдыну иIэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ макъамэр, - жиIащ композитор Хьэлупэ Джабрэ-Іил къыщыпсалъэм. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ, Тхьэлыджокъуэм зэфIэкI ин, къэкIуэну дахэ иIэу къызэрилъытэр.

Сюзаннэ и яп пшыхьыр къыдаIыгъащ уэрэджыIакIуэ Хьэкъул Оксанэ, Щокъуий Мурат, Дзыбэ Руслан, Хьэлупэ Астемыр сымэ.

Пшынауэ пщащэр ягъэгушхуэну абы къыхуеблэгъат Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Думэныщ Іэулэдин, Къаныкъуэ Заринэ, Еуаз Зубер сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къызэхуэсахэр итхьэкъуат, мэгъу къару хэлъым ярейуэ пщащэм и пшынэ гъэбзэрэбзэкIэм, псом хуэмыдау къыхэгъэщlыпхъэщ Баз Иоганн и «Фантазия»-р, «Іэдииху», «Пщыкъан дэгужь», «Іэулэдин» гъыбзэхэр, лъэпкъ пшынальэхэр. Апхуэдэуи Сюзаннэ гъэщIэгъуэну утыку кьрихьащ. Адыгэ пшынальэм щхьэкIэ Іыхьищ хъуэ Хьэлупэ Джабрэлил итха сонатэр. Тхьэлыджокъуэмрэ Кхъуэжь Мадинэрэ ягъэззэщIа лъэпкъ къафэжьхэм гур ягъэжанырт.

Пшыхьым кьрихьэлIахэм ярита гукъыдэжым тепщlыхьмэ, Тхьэлыджокъуэм гъуаздджэм лъапэ махуэ хичаущ къэплъытэ хъунущ. Ди лъэпкъэгъу пщащэм и пшынэ Іэпэ щIэмыуэу иIэщ куэдкIэ лъэпкъ эстрадзр игъэбжьыфIэну дохъуэхъу!

ЩОМАХУЭ Зэлинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хорватхэм зыри къапэплъакъым

Футболымкlэ XXI дунейпсо чемпионатым и финалым щызэдзэжэгунущ Франджымрэ Хорватиемрэ. Ипэр абы зэрынэсынур куэдым хуагъэфэщами, етIуанэм апхуэдэ зэфIэкI къыззэкуихыну щыгугъар машIэ дыдэщ.

ИДЖЫРИ къэс зэи къэхъуакъым дунейпсо чемпионатым щытекIуэну пасэу зыхуагъэфэщащхэм къищынэмыщIа абы и финалым щыджэгуауэ. Хорватием а хабзэр икъутащ. Пъэныкъуэ абы иригъэзари хэт?! Футболыр дунейпсо дэрэжэгъуэ тхуэзыщlа инджылызхэрщ.

Хорватхэр сыт щыгъуи лъэщу мэджэгу. Дуней псом нэхъ пасэу цIэрыIуэ щыхъуащ абы и футболист гъуэзэджэхэу Бобан, Шукер, Просинечки. Иджы нэхъыжьхэм я лъагъуэр бгъуфIэ ящI Модрич, Ракитич, Манджукич, Субашич сымэ, нэгъуэщIхэми. Арщхьэкlэ ахэр дунейпсо чемпионатым и финалым нэсыфыну жыIэну дзыхьщыгъуэджэт.

Илъэс тIощI ипэкIэ Хорватиер кIэух зэIуцIэм нэсыпауэ къызэтеувыIащ икIи жэзымкlэ арэзы хъуащ. Абы щыгъуэм дунейпсо чемпионыгъэр къызыпэплъэ франджыхэр зэран къахуэхъуащ. Иджы дауэ хъуну пIэрэ?

Куэдым Франджым финалым щыпэщIагъэувэнут Инджылызыр. Іуэхур абы пэгъунэгъу хъуат, етхуанэ дакъикъэм Триппьер бжьыгъэр къыщыззIуихам. Сыхьэтым щIигъукIэ шэч кьытезыхьар мащIэщ къаралыгъуэ лъащитIыр кIэух зэIуцIэм зэрыщызэпэщIуэвэнум. Арщхьэкlэ 68-нэ дакъикъэм Перишич псори зэхигъэзэрыхьащ, бжьыгъэ зэхуэдэ ищlыжри. Абы хорватхэм я лъэр щIигъэкIащ, инджылызхэр щIигъэтIысыкIащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, зэныкъуэныгъэр апхуэдизу гуащIэти, джэгум къыщlагъуа зэманыр и кIэм нэблэгъауэщ нэхъ лъэщыщэхэкIар. Манджукич дигъэкIа топыр хорватхэм я джежIэ дыщэ пэлъытэщ. Зэи къэмыхъуауэ ахэр финалым щыджэгунущ.

Зыри пэплъакъым Франджымрэ Хорватиемрэ дунейпсо дыщэм папщIэ зэныкъуэкъуну. Абы зэхъэзэхуэр нэхъ хьэлэмэтыжь ещI.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 14, *щэбэт*

♦**Иракым щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр**. Къэралыр зи унафэм щIэт пащтыхьыр 1958 гъэм традзри, Иракыр республикэ хабзэм зэрытеувэр хэIущIыIу ящIащ.

♦**Осетие Ипщэм щыIэ мамырщIэкъу къарухэм я махуэщ**

♦**1789 гъэм** Бастилиер (Париж) къыщащта махуэщ. Франджы революцэщхуэм щыщIидза махуэу ягъэлъапIэ ар.

♦**1860 гъэм** Урысейм и къэрал банкыр къыхэгъэпэщащ.

♦**1867 гъэм** Инджылызым щыIэ Рэдхилл мывэ къыщIэхыпIэм Нобель Альфред апэ дыдэу щигъэлъэгъащ къигупсыса динамитым и лъэщагъыр.

♦**1896 гъэм** Новгород Ищхьэрэм щекIуэкIа выставкэм щагъэлъэгъащ апэ урыс автомобилыр.

♦**1897 гъэм** Урысей къэралыгъуэм тхьэмахуэ махуэр зыгъэпсэхугъуэу зэрыщыщытынум теухуа унафэ къащlащ.

♦**1901 гъэм** Москва къыщызэрагъэпэщащ цIыхухэр фадэм демыгъэхьэхыным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦**1909 гъэм** къызэIуахащ Сочэ и иджырей зыгъэпсэхупIэ зэпэщхэм лъабжьэ яхуэхъуа «Кавказская Ривьера» санаторэр. Цыхухэм я нэгуэгъэжьжьыпIэфIу къапльытэу ар нобэм къызэдэсым мэлажьэ.

♦**1917 гъэм** Финляндиием автономие игъэтащ.

♦**1939 гъэм** Магадан къуажэр къалэ хъуащ.

♦**1941 гъэм** ипэ дыдэу зауэм къыщагъэсэбэпащ БМ-13 Іэщэр, совет сэлэтхэм гъэфIэгъэцIэу «Катюша» зыфIащауэ щытар.

♦**1945 гъэм** Париж къалэм ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкlащ. Ипэ иту уэрамым иригъащ Франджым и Лыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан**.

♦**1956 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къэрал пенсэхэм я тхуэуа законыр кьиштащ.

♦**1957 гъэм** Налшык щекIуэкIащ СССР-м и къэпкъ псомиз я тхакIуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта пшыхь гъэщIэгъуэн.

♦**1965 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкlэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къафэмкlэ «Кабардинка» ансамблу зэрахьэжьащ.

♦**1993 гъэм** НТВ телеканалыр къызэрагъэпэщащ.

♦Адыгей тхакIуэ **Щоджэн Іэюб** къызэрагъэпэщащ. Абы и лъэпкъ ехьэлIа ирикIуа Франджым и Лыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан** сымэ, нэгъуэщIхэми Осташкэ Андрейрэ альманахым елэжьахэмрэ фIыщIэшхэр хуащlащ ди лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэ купщlафIэ къызэрыдагъэкIам, адыгэм и тхыдэм, и гъащlэм апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащlам папщIэ.

Тхыдэ къэхъугъэхэмкlэ, лъэпкъ хабзэм щыщ Іыхьэхэмкlэ гъэнщIа икIи сурэт екIуэхэмкlэ гъэдэхэжа альманах телъыджэм и напэкIуэцIхэм удихьэхыу щызэхэхуэнащ адыгэ лъэпкъым ди тхыдэр, нобэр, хабзэ дахэхэр, щэнхабзэр, псэукlэр, Іэщlафащэхэр, дызэрыгушхуэ цIыху цIэрыIуэхэр, уэзщlакIуэхэр, тхыдэ дэфтэрхэр, нэгъуэщIхэри. КъыдэкIыгъуэ гъэзэджэр дэтхэнэ зы адыгэми къытхуэщхьэпэнчу ди лъэпкъ псыпэм дриплъэжьныжьмкlэ, нэхъри зытцIыхужьныжьмкlэ, апхуэдэу нэгъуэщIхэми дыкъащlэжьмкIэ!

Пшыхьым хэтащ щlэныгъэлI **ПхытIыкI Хьэутий**, жылагъуэ лэжьакIуэ **Бырхьэм Мухьэмэд**, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ псапащlэ фондым и унафэщI **Щоджэнцыкlу Леонид**, «Акрополь» хьэщlэщыр зыгъэлажьэ **Къардэн Хьэсэн** сымэ, щlэныгъэлIхэр, адыгэ тхыдэм дихьэхыу зыкъэрезыгъэхьэлIахэр, ирагъэблэгъахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

Бадзэуэгъуэм и 15, *тхьэмахуэ*

♦**ЩIалэгъуалэр Іэпщlэлъапщlагъэм хуэгъэсэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1776 гъэм** Милан къалэм (Италие) къыщызэIуахащ иужькlэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа «Ла Скала» театрыр.

♦**1812 гъэм** урысыдзэр Наполеон зэрытекIуэм и щыхькlэ хьэрэкlытIэхэр щыдгъэлъэтенущ Петербург щыIэ Петропавловскэ быдапIэм.

♦**1923 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ «Аэрофлот» къэрал авиакомпаниер. Абы и апэ рейсыр а махуэ дыдэм ищlащ - Москва икIыу Новгород Ищхьэрэ къалэм кIуахэр ишащ.

♦**1939 гъэм** Бахъсэн, Аруан, Іуащхьэмахуэ щыналъхэмкlэ район газетхэр къыщыдэкIыу хуежьащ.

♦**1970 гъэм** ГАЗ-24 «Волга» совет автомобилыр куэду къыщlагъэкIыу щIадзащ.

♦**1975 гъэм**, дунейм апхуэдэ къыщыдмыхъуауэ, Совет Союзым и «Союз-19», США-м и «Аполлон» кхъухьитIыр зы махуэм хьэрщым лъэтащ. МахуитI дэкIри, кхъухьэхэр хьэршым щызэпыуващ икIи ди космонавтхэу Леонов Алексейрэ Кубасов Валерийрэ, США-м и астронавтхэу Стаффорд Томас, Брэнд Вэнс, Слейтон Дональд сымэ хьэршым къэхутэныгъэхэр зэгъусэу щрагъэкIуэкIэу щытащ.

♦**1990 гъэм** Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниер (ВГТРК) къызэрагъэпэщащ, абы и унафэщIу журналист, тхакIуэ Попцов Олег ягъэуващ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист **Шакъ Беслъэн** къызэралъхуэр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Къэфакlуэ, хореограф, СССР-м и цIыхубэ артист **Эсамбаев Махьмуд** къызэралъхуэр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, Іуэрыуатэдж, литературэдж, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур** къызэралъхуэр илъэс 90 ирокъу.

♦Іуэрыуатэдж, литературэдж, критик, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, профессор **Пщыбий Инал** къызэралъхуэр илъэс 90 ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ашэбокъуэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ **Балъкъыз Батий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Башорэ Хьэмид** къызэралъхуэр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщlешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 16, *блыщкъэ*

♦**622 гъэр** Муслъымэн махуэгъэпсым и щIэдзапIэщ. Мухьэмэд Бегъымбарыр Мэккэм икIри Мадинэ кIуащ.

♦**1790 гъэм** США-м и Конгрессым унафэ кьиштащ къэралым и къаращхьэщIэ Вашингтон щыхуэну щIыр абы хуэхъныным теухуауэ.

♦**1909 гъэм** автомобилхэр къыщlэзыгъэкI «Ауди» компаниер къызэрагъэпэщащ.

♦**1932 гъэм** Донецк областым и къалащхьэр Артёмовск (иджы Бахмутщ) ирахри, Сталинэ (иджы Донецкщ) яхьащ.

♦**1944 гъэм** нэмыцэ зэрыпхъуэкIуэхэм къыIэщlагъэкIыжу хуит къэхъужа Минск къалэм патризанхэм парад щрагъэкIуэкIащ.

♦**1945 гъэм** США-м и Тринити полигоным, Нью-Мексикэ штатым щыIэм, дунейм щыяпэу атом бомбэм и лъэщагъыр щагъэунэхуащ. А гъэ дыдэм Америкэм Штат Зэгухэтхэм а Іэщэ щынагъуэр щридзэхащ Японием и Хиросимэ (щыщхьэуIум и 6-м), Нагасаки (щыщхьэуIум и 9-м) къалэхэм.

♦**1956 гъэм** Карело-Финскэ ССР-р Карелие АССР-ру зэрахьуэкIащ. Иджыпсту ар УФ-м хыхьэ Карелие Республикэщ.

♦**1965 гъэм** къызэIуахащ Монблан бгым (Альп къуршхэм я щыгу нэхъ лъагэ дыдэм) кIуэцIрыкI гъуэгур. Абы зэпищlащ Франджым и Шамони, Италием и Курмайор къалэхэр.

♦**1979 гъэм** Хьусейн Садам Иракым и президент хъуащ.

♦**1990 гъэм** Украинэ ССР-м и Радэ Нэхъыщхьэм а республикэр зыми и унафэ щIэмытыныр теухуа декларацэр кьиштащ.

♦ТхакIуэ **КIэрэф Мухьэмэд** къызэралъхуэр илъэс 96-рэ ирокъу.

♦СССР-м и спортымкlэ и мастер, къэралым щэнейр и чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Украинэм и ЛIыхъужь **Роговцевэ Адэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Искусствоведенэм и доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакlуэ, музыкант, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист **Лепс Григорий** (и унэцIэ дыдэр Лепсверидзэщ) и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакlуэ, композитор цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Агутин Леонид** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщlешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Шыщlэ къамылъхуам уанэ хуэзщlелъхьэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Іуэхущlапlэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыIутелекомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпание, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащlэ агентствэм. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгуфыкIыгъэм и я лэжьакIуэхэм **Къып Зое Лэкъумэн и пхъур** зэрылIар гущIыхьэ ящыхъущ икIи абы и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Быдэ урехъу лъэпкъ лъэмыжыр!

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Ди газетым зэрытетащи, мэкъуауэгъуэм и 30-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэйущIэр Анкара щекIуэкIащ. Абы къурихьэлIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм, Абхъазым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар, Ставрополь краймкIэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэхэр.

Анкара и хьэщIэхэр

Къыдэхуэсахэр КАФФЕД-м и унэм щагъэблэгъащ ялэ махуэм икIи зыкъом щIауэ зэрымылъэгъуа зэлъэпкъэгъуэхэм фIэхъус гуапэ зэрахащ, абдеж хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ щызэдауэрэщэращ, Анкара зэрыщIэжьэну программмэ яубзыхуащ, зи гугъу ящIыну Іэхъугъэхэр ягъэнэхуащ. Адыгэм и нэхъыбэ дыдэр щыпсэу къэралым, ди лъэпкъэгъу мелуани 7-м щIигъу зэрыс хэгъуэгуи, ущыззэрылъагъунымрэ ущыззэдпсэлъынымрэ куэд и уасэт. Ар я нэгу кърихырт къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм кьиКIа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъуэхэмрэ.

Анкара щылажьэ КАФФЕД-м и унэр сыт хуэдэ Іуэхуми хуэщIащ. Абы щыкIуэхэр щрагъаджэ, къэфэным щыхуагъасэ, адыгэ хьэпшыпхэр щащэ тыкуэн, шхапIэ, хьэщIэ кьеГажIэгъапIэ иIащ. Адыгэ жьэгу, хьэщIэщ хуэдэу ди лъэпкъэгъуэхэм яIэ унэщ ар, лъэпкъ шхынхэр щапщэфIрэ адыгэ хабзэр щызэрахьэу.

Илъэси 150-м щIигъуауэ хамэ щыныплъэ щыпсэу щэрджэсхэм адыгагъэ зэрахэлъыр, я анэдэлъхубзэр зэрагъэшэрыуэр, кьыдэкIуэтей щIэблэр лъэпкъым хуэфащэу зэрагъасэр, а псоми гурэ псэкIэ зэрытелажьэр щытлъэгъуауэ Анкара щыпсэу Мустафа Кемаль Ататюрк и мавзолейм икIи протоколым тету, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ** КАФФЕД-м и унафэщI **Хьэгъундокъуэ Яшаррэ** уда гъэпсэ Іэрамэр тралъхьащ Ататюрк и къэащхьэм. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий хьэщIэ хэхахэм папщIэ мавзолейм щIэлъ тхылъым и гупсысэ щитхащ и Іэри щIидзыжащ.

«Аныткабир» мавзолейм апхуэдэ ІуэкуэкIэ ирагъэблагъэр къэрал лIыщхьэхэмрэ махуэшхуэ пыухыкIахэм хэтхэмрэщ. Ауэ Тыркум ис лъэпкъхэр щIэщанэу къальытэ адыгэхэм пщIэшхуэ кьыхуащIащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкI лIыкIуэ гупым апхуэдэ Іэмал къратри. Гупым музейм зыщащIыхьыхьащ Ататюрк есым кьиГэсэбэпа хьэпшыпхэр, кьыхуащIа тыгъэхэр, и гъащIэр кьыззэрекIуэкIам, и унагъуэ сурэтхэм, нэгъэщI куэдми кьахутепсэлъыхьащ.

НэхъыжьыфI зимыIэм нэхъыщIэфI иIэкъым жьыуаIэрати, нобэрей Хасащхьэм и унафэщIхэр пщIэ хуащIу и унагъуэ ихьащ Тыркум щылажьэ Хасэхэм я федерацэр кьыззэзыгъэпэщахэм яхэта, илъэс куэдкIэ абы и тхьэмадэу лэжьа, хэхэс адыгэхэм я Іуэху дзэгъэкIыным, хамэхэм яхэмыкIуэдажьмэ си гъащIэ псор тезыуха Хьэткъуэ (Ары) Аслъэн. Сэхъурокъуэ Хьэутий кьыхичгъэщащ Аслъэн иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ куум и хьыбарыр хэхэсхэми зкурыдсэми зрагъэщIэр, и цIэр фIыкIэ кьыззэрыраIуэр, и гуащIэр щапхъэ куэдым зэрахуэхьур. Нэхъыжьыфым кьилэжьа пщIэм пэкIуэу, ДАХ-м и Щ1ыхь тхылъымрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ Хьэткъуэ Аслъэн хуигъэфэщащ Сэхъурокъуэм.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэр щыпсэу щыналъэм езыгъэблэгъа КАФФЕД-м и унафэщIхэр зэчэнджэщри, зэIущIэшхуэр Анкара гъэмыжьыжьу щыт Нарт-къалэ адыгэ жьлэм щрагъэкIуэкIыну трауХуащ. Зэхуэсым щыпсэлъэу зэбгъэдэкIыж къудей мыхъуу, унагъуэхэм исныр, зэкъуэшхэр нэхъ гъунэгъу зэхуэхъуныр нэхъ къащтэу жьлэ цIыкIум дагъэтIысхьащ хьэщIэхэр.

Нарт-къалэ зыхуэдэ щымыIэ жьлэщ, сыту жьпIэмэ, мыбы дэсыр адыгэ унагъуэ защIэщ. Я бзэ, я хабзэ, я тхъуэ зэхьумэжькIэ Іэмалэу къагупсысэ хэкIыпIэщ мыр - зэлъэпкъгъуэхэр зэрыуГуейри, я мыльку зэхалъхьэри, унэ зэщхьхэр ирагъэщIащ. Хэкужьым ит адыгэ къуажэ дыдэм хуэдэу зэхэсщ мыхэр, адыгэ ерыскъыхэр яГэхьэзыр, лъэпкъ макъамэхэр кьыщоуэ, уеблэмэ унэ кIуэцIкэр адыгэ хьэпшыпхэмкIэ гъэщIэрэщIащ.

Жьлэдэсхэм я гуапагъымрэ псэ хуабагъымрэ кьыззэрыбгъэлъэгъуэжьи псалъэ гъуэтыгъуейщ, дэтхэнэри хьэщIэм щыгуфIыкIрэ зэригъафIэр фIэмащIэу елIалIэрт. Гъунэгъуэхэм адыгэ шхыныгъуэхэр ящыгъуэ пщэдджьжьышхэм, пщыхьэщхьэшхэм ирихьэлIэу кьекIуэкIырт, я бзэкIэ зэпсальэрэ хэкужьым кьикIахэм зыщамыгъэнщIу зэхэст.

Лъэпкъым бгъэдэлъ хьугъуэфIыгъуэхэр яхъумэжькIи папщIэ ящIа жьлэ цIыкIум куэбжэ хэлъщ, и цIэр ину тетхащ, абы и лъабжьэм кIэщIэтщ «1864 гъэм зи хэку кърахуа адыгэхэм я бзэр, я хабзэр, щэнхабзэр яхьумэжькIи папщIэ яухуа жьлэщ» жиIэу. Илъэсищ кьудей хьууэ араш мы Нарт-къалэр зэраухуэрэ, итIани адыгагъэм и Іэфlагъыр щызыхэпщIэу ди лъэпкъэгъу унагъуэ 90-р щызэхэсщ - зылI и быну зэрыIыгърэ адыгэ жьэгур яГъаблэу.

Нарт эпосым и махуэр яГъэув

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджьжьым Хасащхьэм и зэIущIэм щIидзащ. Хасащхьэм хэтхэм нэмыщI, абы къурихьэлIат КАФФЕД-м хыхьэ хасэ кьудамэхэм я тхьэмадэу къэлэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьиКIахэр. ЗэIущIэм Іуэхугъуи 10-м щIигъум щыхэплъащ.

Абы увыпIэ нэхъыщхьэ щызубыдар бзэм ятеухуауэ блэкIа пIалъэм Гъэзэщ1акIуэ гупым зэфIигъэкIахэмрэ иджыблагъэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат гупым лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ кьыхальхьа законопроектымрэщ. Курыт еджапIэхэм щIэсхэм я анэдэлъхубзэхэр езыхэм я фIэфIыныгъэм тещIыхьауэ яджми хъуну кьызыхэщ законым и проектым куэд игъэпIейтеящ, абы иригъэзащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр.

ДАХ-м и къудамэм и унафэщI **Щоджэн Іэминат** и кьэпсэлъэныгъэр кьыззэрыщIидзар Гъэзэщ1акIуэ гупым и зэIущIэ блэкIа лъандэрэ екIуэкIа пIалъэм бзэм теухуауэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэрщ. Адыгэ тхыбзэр зы щыныым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым кьищта Унафэр Адыгеим ейми кьыдиIыгъыну АР-м и Іэтащхьэ КъумпIыл Мурат зэрызыхуагъэзар жиIащ Іэминат, икIи абы адэкIэ унафэ гуэр тращIыхьыну зэрыщыгугъыр кьыхигъэщащ. «Дунейпсо Адыгэ Хасэм и архив кьызэгъэпэщыным иужь дихьауэ жыпIэ хъунущ, дэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ ди лэжьэгъуэхэм захуэдгъэзащ адыгэм теухуауэ дэнэ сыт кьыщыдэкIами зэхуахьэсу кьыхухъ рагъэхьыну. Бзэм дыщIытегуэзвыхь Іуэхугъуэ зыбжанэ ди пащхьэ кьитщ лъэпкъым нобэ, абыхэм я хэкIыпIэхэр щызыхэдгъэкIын утыку хъунущ щыщхьэIум едгъэкIуэкIыну ди мурад щIэныгъэ-практикэ конференцыр, абы и кьыззэгъэпэщыным иужь дихьакIэщ, хьIабгъэгъащIэхэр зэбгредгъэхащ, конференцым хэтыну жэрдэм зиIэ цIыху 40-м зыкъытхуагъэзащ, дяпэкIи а лэжьыгъэр йокIуэкI», - жиIащ Щоджэн Іэминат.

Абы и къэпсэлъэныгъэм дыщIигъуащ школым щIэсхэм я анэдэлъхубзэхэр езыхэм я фIэфIыныгъэм тещIыхьауэ яджми хъуну кьызыхэщ законопроектым куэд зэригъэпIейтейр, абы теухуа зэхьыбхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьулыкъущIапIэхэм зэрыщекIуэжьащ, кьыщащта унафэхэр яГэхьэзыру кьэрал унафэщIхэм зэрыхурагъэхьар, а зэIущIэхэм Къэбэрдей, Дунейпсо Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ зэрыхэтар.

Іэминат зи гугъу ищIахэм кьыпищу, Табыщ Мурат кьыщыпсалъэм жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызекIуэ адыгэбзэмрэ Адыгэ Республикэм щызекIуэ адыгэбзэмрэ макъ зэщхьу хэтыр тхыбзэ зэтехуэм игъэзэрэным теухуа пэжыгъэри зэрекIуэкIыр, ар кьайхъулIэмэ, адыгэбзэми адэкIэ нэхъ зиужьыну кьызэрильытэр.

- Мыбы теухуа еплъыкIэр адыгейхэм кьыддалыгъ хуэдэу, ауэ унафэ трамыщIыхьыуэ екIуэкIащи, дяпэкIэ Іуэхуэр нэхъ кIуэтэну кьыщтощхь. Сыту жьпIэмэ, Къумпылым зэрызыхуэдгъэзэ тхылъым кьрикIуащ, Іэтащхьэм АР-м и щIэныгъэ институтым зэIущIэ кьыщызэрагъэпэщу Іуэхум теухуа гупсысэ пыухыкIа кьащтэну кьалэн зэращищIар. Ар мыгувэу екIуэкIынущ. - жиIащ Мурат. - Урысейм Федерацэм «Егъэджэныгъэм и ІуэхукIэ» законым халъхьэну я мурад зэхьуэкIыныгъэхэм куэд кьызэщIи Іэтащ, - кьыпищащ адэкIэ Табыщым. - Анэдэлъхубзэр, езыр фIэфIмэ, иджыну хуиту еплъыкIэ зэрыщIыр дзэныгъэ лъэпкъ мащIэхэм яхэту кьыщIэкIынкъым. Лъэпкъыбзэр щыкъэралыбзэ республикэхэр кьэтщтэнщи, псоми тхылъ парламентхэм ирагъэхьащ. Абы кьыщынэмыщIауэ, я решением халъхьэжыну зэхуэдэкIынкъым. Лъэпкъыбзэр щыкъэралыбзэ республикэхэр кьэтщтэнщи, псоми тхылъ парламентхэм ирагъэхьащ. Абы кьыщынэмыщIауэ, я решением халъхьэжыну зэхуэдэкIынкъым. Лъэпкъыбзэр щыкъэралыбзэ, абы нэмыщI, лъэпкъыбзэхэри республикэхэм щыкъэралыбзэщ. Урысыбзэм кьэралыбзэу иIэ статусым щынэмыщIа, иджы анэдэлъхубзэ статусыр ирет, тIури зэдихьыну. Абы кьэкIыр курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм мыр си анэдэлъхубзэщ (урысибзэри зэрыхэту) жызыIэм кьызэрихихым тещIыхьауэ абыкIэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыну хуиту. Законым и проектым кьызэриГэуэным ипкъ иткIэ, жылагъуэм лэжьыгъэшхуэ и пщ1 кьыдэхуэнущ. Сыту жьпIэмэ, сабийм зыхуэй бзэр кьыхихыну хуит щищIкIэ, адыгэм кьытщIэхьуэ щIэблэм «сыадыгэщи, адыгэбзэщ зджьынур» жиIэу, езым и бзэкIэ еджэжьн хуейщ, нэхъ тынш кьыхимыхьыну. Ар еджакIуэхэми, адэ-анэхэми кьагурыдгъэIуэн хуейщ. Ауэ КъБР-м и Іэтащхьэми, КъБР-м и Парламентми, КъБР-м Цыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIапэгъуалэм я ІуэхухэмкIэ и министерствэми УФ-м и Къэрал Думэм иригъэхьащ апхуэдэ законопроектымкIэ зэрымыарэзыр, дыщогугъ абы зыгуэр кьыпэкIуэну.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** жиIащ лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ Къэрал Думэм кьыщащта законым и проектым кьыщIэдгъэзэныгъэм хуэдэ зэи зэрыщымыIар, абы зэпэщIэувэныгъэрэ псалъэмакъэрэ кьыззэришэнур, депутатхэм япэ еджэгъуэм Іэ зэраIэтамкIэ зэрымыарэзыр. «Тырку щIынальэращ апхуэдэ дэкъуэзныгъэ щыщыIар, ис лъэпкъ щ1ыкIуэр я бзэкIэ ямыгъэпсалъэу, уеблэмэ, сэри мы къэралым сыкъэжIауэ кьыслъхьауэ щытащ нэгъуэщIыбзэкIэ сызэрыпсалъэм щхьэкIэ. Мыр кьэзыгупсысахэр дызэрыIыгъэ дызэрымыIыгъэ, тлъэкIынымрэ тлъэмыкIынымрэ еплъыну кьыхалъхьауэ ара кьысфIощ. Мыбы теухуауэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Адыгэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэр зэзыгъэуIу советым, нэгъуэщI хасэ щ1ыкIуэхэм кьабгъэдэкI тхылъ къэрал унафэщIхэмри. Къэрал Думэми едгъэхьащ. Ди еплъыкIэхэр дэни кьыщыдгъэлъэгъуащ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэми Хьэутий сэри дыкьыщыпсэлъащ. Мыр къэпщтэнкIэ Іэмал зимыIэ хабзэщ», - пищащ Хьэфыщ1эм.

ДАХ-м и архивым теухуауэ Мухьэмэд кьыхиГэщащ илъэс 50-м щIигъуауэ адыгэхэм теухуауэ дэнэ сыт хуэдэ тхылъ кьыщыдэкIари, тхыгъэ кьыщыдытехуари, тхыдэми нобэрей гъащIэми кьыхэщхэри, дуней псом щикъухьа шэрджэсхэм кьаэхкIа цIыху цIэрыцIуэхэм я сурэти, Іэрытхи, нэгъуэщI мин бжыгъэ зэрызэхуихьэсар, ахэр щIэх-щIэхьурэ гъэпсэгъуэныгъэ зэрищIыр, зы музей кьызэIуахьу хьэпшыпхэр, гъэтIыпIыгъэхэр щIалъхьэну зэрыщIэлъэIуар. Абы ипкъ иткIэ, нэхъыщIэхэм Хьэфыщ1ым чэнджэщ яритащ, етIуанэ лэжьыгъэ ямыщIэу, а щыIэр зыхуей хуагъэ3эну.

Сэхъурокъуэ Хьэутий дыщIигъащ бзэм и Іуэхум теухуауэ кьрахьэжьар зэрыхэплъэгъуэр, лъэпкъ цIыкIуэм апхуэдэ лей ирах зэрымыхьунур. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, фэ зэрыфщIэщи, лъэпкъ зыбжанэ исщ. Дэ балъкъэрхэм, е урысхэм адыгэбзэр фщIэн хуейщ жьтIэу япэдыбыдыркъым, ауэ сыадыгэщ жызыIэм Іэмал имыIэу адыгэбзэр иджын, ищIэн хуейщ. Ди Конституцэм ит хабзэмкIэ дыарэзыщ нобэ, абы дытету ди щIэблэр едгъаджэжэ, ди Іуэхур кIуэтэнущ», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

- Зы тхыбзэм тет анэдэлъхубзэм ди Іуэхур куэдкIэ нэхъ тынш зэрищIынур кьыхэзгъэщIну сыкуэкIи, ар зэрымыкъуну. - Мыр кьыззэдгъэпэщыфамэ, дунейм адыгэу тетыр зэщхьу тхэнут, абы гугъу ириГэхьынутэкъым дэнэ щыпсэу ди кьуэшри. Сэ кьызэрысльэгъмкIэ, зы тхыбзэм ди лъэпкъыр нэхъри зыпищIэжьынущ, зэрипхьжьынущ, зэгуригъэIуэнущ, кьару нэхъыби кьытхилъхьэнущ. Гугъущ мы Іуэхур, ауэ ткIийуэ иужь уихьэмэ, пхузэфIэмыкIын хэлъкъым.

Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм и тхьэмадэ **Дышэкl Эртан** кьыхигъэщащ Урысейм щыпсэлъыхьащ. Ар ящ1ыкIэ нэхъ тынш зэрищIынур кьыхэзгъэщIну сыкуэкIи, ар зэрымыкъуну. - Мыр кьыззэдгъэпэщыфамэ, дунейм адыгэу тетыр зэщхьу тхэнут, абы гугъу ириГэхьынутэкъым дэнэ щыпсэу ди кьуэшри. Сэ кьызэрысльэгъмкIэ, зы тхыбзэм ди лъэпкъыр нэхъри зыпищIэжьынущ, зэгуригъэIуэнущ, кьару нэхъыби кьытхилъхьэнущ. Гугъущ мы Іуэхур, ауэ ткIийуэ иужь уихьэмэ, пхузэфIэмыкIын хэлъкъым.

Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм и тхьэмадэ **Дышэкl Эртан** кьыхигъэщащ Урысейм щыпсэлъыхьащ. Ар ящ1ыкIэ нэхъ тынш зэрищIынур кьыхэзгъэщIну сыкуэкIи, ар зэрымыкъуну. - Мыр кьыззэдгъэпэщыфамэ, дунейм адыгэу тетыр зэщхьу тхэнут, абы гугъу ириГэхьынутэкъым дэнэ щыпсэу ди кьуэшри. Сэ кьызэрысльэгъмкIэ, зы тхыбзэм ди лъэпкъыр нэхъри зыпищIэжьынущ, зэгуригъэIуэнущ, кьару нэхъыби кьытхилъхьэнущ. Гугъущ мы Іуэхур, ауэ ткIийуэ иужь уихьэмэ, пхузэфIэмыкIын хэлъкъым.

- Щоджэн Іуми: - Тыркум зы псалъафэ яIэщ: зы лIы гуэр унащхьэм къехуэхахи, зым «дохутыр - фIыкIыхуеджэ», зым «псы къыхуэфхь», адрейм нэгъуэщI зыгуэр жиIэу щхьэщIитти, лIыр къэпсалъэри: «къыIэ, унащхьэм къехуэха зыгуэр фIыкIыхсхуеджэ», - жиIащ жи. ПIалъэ зыщIэ, хэкIыпIэ зыщIэ кьыIыхьэу арат, и Іуэху зэрыхъунур кьыщIэну. АбыкIэ жысIэну сызыхуейр мыращ, дэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр, хэкурысхэр нобэ зыгъэпIейтей Іуэхугъуэм тепщIыхьмэ, фи япэ жыгым дыкъехуэхащ. Хэхэс гъащIэр ди натIэ хъури, ди бзэр тIэщIачащ, ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр тхуэхъумэжькъым, нобэ ди сабийхэр пщIым нэс бжьфмэ, я цIэр адыгэбзэкIэ жаIэфмэ, абы фыщогуфIыкIри дызэхэсщ. Мис абы Іуэхур нэмысым папщIэ, дэнэ щыпсэу адыгэри дызэкъуэувэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкIыу тхылъ ттхын хуейщ хэкум исхэм я щ1ыхь кьирикIынкIэ хъуну шынагъуэм дызэригъэпIейтейр екьэкI-кьехьэкI хэмылъу кьыхэщу.

Думэн Іуми кьыхигъэщащ хэкурысхэр зы мэскьалкIэ кьикIуэт зэрымыхьунур, УФ-м ис лъэпкъ цIыкIуэхэр я бзэр зэрахъуэжьыным Іэмал имыIэу иужь итын зэрыхуейр. «Бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри щыIэнукъым, фэ жэуаллныгъэшхуэ фи пщэ кьыдохуэ ди анэдэлъхубзэр тхъумэжьынымкIэ. Дэ мелуан бжыгъэкIэ Тыркум дис щхьэкIэ, ди кьарур мащIэщ, дэ плъапIэу диIэр фэращ, нобэ ди бзэкIэ дыпсэлъэнымкIэ, ди хабзэ зетхьэнымкIэ кьару тхуэхъур фэращ», - жиIащ Думэным.

Хьэгъундокъуэ Яшар:

- Дунейм зы къэралыгъуи тету кьыщIэкIынкъым и бзэм зримыгъэужьу, ипэ иримыгъэщу. Дэ дызэрыс къэралри араущ, тыркубзэ фIэкIа дунейм тригъэтынтэкъым. Урысейми урысыбзэращ япэ ирагъэщIыр, шэч хэмылъу. Дэ а псом ди Іуэху хэлъкъым, дэ ди кьаэлэнр адыгэбзэр зэрыгтхъумэн Іэмалхэр кьэгъуэтынырщ. Адыгэбзэр кьэралыбзэу кьыщалъытэ щIыналъэхэр дыщиIэкIэ, зы сабии и бзэр зримыпэсыжу е зримыгъащIэу исын хуейкъым абы, лIыгъэкIэ еджэн хуейщ сабийр и анэдэлъхубзэм. Ар Іэпэдэгъэлэл тщIыпэ щхьэж зэрыхуейуэ дзэвзмэ, ди Іуэху кьикIынкъым. Ди хэкужьу тлъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим кьыбгъэдэкIыу ФедерацэмкIэ Советымрэ Къэрал Думэмрэ щыIэу, а проектым папщIэ Іэ зыIэтахэр адыгэм и кьэкIуэным едыгъуауэ сольэтэ сэ. Абы и лъэныкъуэ- кIэ ДАХ-р зыми иужь кьинэ хъунукъым. Бзэр хъумэнымкIэ, хабзэр зехьэнымкIэ псом япэ диту дыкIуэн, дыпсэлъэн хуейщ.

Бзэмрэ хабзэмрэ дывгъэхъумэ, маржэ хъужьнкъ. ЦIыху мелуаниблым нобэ бзэр ящыгъупщэмэ, адыгэжькъым, дэ дыхуэныкъуэщ адыгэбзэр езыгъэджкыфын Іэщ1агъэ, щIэныгъэ зиIэ цIыхухэм, ди сабийхэр едгъэджэн хуейщ. Бзэр тIурымылъмэ, абыкIэ хэкур кьыддэмыIэпыкъымэ, егъэджакIуэрэ зэредгъэджэн тхылъкIэ хэкум зыкьыштщIимыгъакъуэмэ, дыжакIуэдэжынущ, ди кьару кьихьынуякым зытхъумэжыну, ди щIэблэм адыгэбзэ яIурылъу кьащтэну.

ДАХ-м кьыбгъэдэкI тхыгъэ зэхалъхьэу зыIэрыгъэхьапхъэм Іэрагъэхьэну унафэ ящIри, елэжьыну гупыр хахащ, икIи зыщIэр зэрируху етIысылIэри, тхыгъэр яГэхьэзыращ.

Бырс Реджан тепсэлъыхьащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм зыгъэпсэжакIуэ кьакIуэ хамэ къэрал щыпсэу адыгэ сабийхэр хэжжьыш зэрыщIэ пIалъэр кьызэгъэпэща зэрыхъум. «Абы мыхьэнэшхуэ иIащ, - пищащ Бырсым. - Иджыри кьыздэсым ахэр санаторэхэм щIагъэс, хэжжьыш и щIыпIэ нэхъ дахэхэм яшэ, я нэгу зрагъэужь, яГьафIэ. Ар хъарзынэщ. Ауэ абы нэдгъакIуэхэр адыгэ къуажэхэм дэсмэ, адыгэ унагъуэхэм ятевгъашэрэ а махуэ бжыгъэм яхэвгъэсмэ, куэдкIэ нэхъ сэбэпынагъ кьыпэкIуэну кьыдолъытэ. Дэ, дыкъапщтэмэ, курыт ныбжьым итхэм бзэр нэхъ шэрыуэу щыIтIурылъыр УзунфIэла и къажэхэм дыкъызэрыщыкъуэращ. Кьуажэрат ди анэдэлъхубзэр кьыщыIур, адыгэбзэкIэ дыщызэгурыIуэр.

Хэкум нэдгъакIуэ сабийхэри, кьатемыкъэлъэну щытмэ, ныбжьыщIэ зэрыс унагъуэхэм ятевгъашэ, зэныбжьэгъуэ щIыкIуэр кьыдолъытэ. Дэ, дыкъапщтэмэ, курыт ныбжьым итхэм бзэр нэхъ шэрыуэу щIыт

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

● Щіалэгъуэ

Иджыблагъэ Налшык къалэ хьэгъуэлІыгъуэ дахэ щекІуэкІащ. Адыгэ пащащэ Австрием щыщ щІалэм дэкІуащ икІи я хьэгъуэлІыгъуэм и зы Іыхьэр Къабэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ. Чэрим Тамилэр Шонк Кристианэр хамэ къэралхэм щыщ я ныбжьэгъуэхэмрэ я благъэхэмрэ ящІыгъуу адыгэ хабзэм тет дауэдапщэхэр ирагъэкІуэкІащ. Австриец щауэми щитІэгъащ адыгэ фащэ, абы къыщымынэу, абы кІэрылъ дэтхэнэ пкъыгъуэм къикІри зригъэщІащ, псэгъу ищІа пащащэм и лъэпкъ хабзэхэр зригъэщІыхуащ. ХьэгъуэлІыгъуэм Тамилэрэ Кристианрэ дахэу адыгэ къафэр щагъэззэщІащ. Зэрыша ныбжьыщІэхэм я ныбжьэгъу швед, нэмыцэ, америкэ, австрие, канадэ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ екІуу хэтащ гуфІэгъуэ зэхьихьэм, адыгэ фащэр ящыгъэ адыгэ макъамэхэм къыдэфэу.

Сурэтыр **Къущхьэ Эльдар** *трихащ.*

● Ар пэжщ

Бзэ дапщэ зригъэщІэфыну цІыхум?

Лондон дэт колледжым лингвистикэмкІэ и профессор Хадсон Дик 2003 гъэм и жэпуэгъуэм упщІэ игъэуват: «Полиглотхэм ящыщу хэт бзэ нэхъыбэ дыдэ зыщІэр?».

«Си адэшхуэрагъэнщ!», - къхъуитхьжащ абы зы щІалэ, и цІэ-унэцІэр къраІуэну зэрыхуэмейр кІэщІэту.

Тхыгъэм и автор США-м щыпсэуми жиІэрт и адэшхуэ итальяныр блэкІа лІэщІыгъуэм и 10-нэ гъэхэм Сицилием къикІыу Америкэм зэрыІэпхъуар, ар зэи школ зэрыщІэмысар, ауэ бзэхэр зэман кІэщІым кІрыбудуэ къызэрипхъуатэр. ЩІэныгъэ зимыІэ сицилиецым и ныбжьыр щыхэкІуэтам бзэ 70 ищІэрт, абыхэм ящыщу 56-м иритхэфырт, иреджэфырт.

Ар Нью-Йорк щыІэпхъуам и ныбжьыр илъэс 20 хъууэ арат. Гъущі гъуэгу вокзалым хьэлъэзехьэу щылажьэу арати, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым ящыщ цІыхухэм ирихьэлІэрт, арагъэнщ бзэхэм яхуищІа пьасгъуэнхэр къызыхкІар.

Хьэлъэзехьэм и Іэхэр фІы дыдэу екІуэкІырт, ахъшэ хъарзыни кьилэжьырт, зрихьэлІэ щІыхухэм елъытауи, бзэщІэхэр къищІэрт. Абы и къуэрылъхум зэрыжиІэжьымкІэ, 50 гъэхэм адэшхуэмрэ къуэрылъхумрэ дунейр мазихкІэ кьізэхэкІухьащ. Сыт хуэдэ къэрал кьыщыхутами - Венесуэлэ, Аргентинэ, Норвегие, Инджылыз, Португалие, Италие, Алыдж, Тырку, Сирие, Мысыр, Ливие, Марокко, ЮАР, Пакистан, Индие, Таиланд, Малайзие, Индонезие, Австралие, Филиппинхэр, Гонконг, Японие - дадэр цІыхухэм зэрепсэлъэн бзэр ищІэрт, фІыуэ игъэшэрыуэрт.

Таиландым щынэсам лІыжьыр тай бзэм щыгъуазэтэкъым, ауэ тхьэмахуитІ щыІати, и къэкІуэжьигъуэм ирихьэлІэу псэльэф хъуат. Тхыгъэм и автор къуэрылъхум дзэм къулыкъу щищІэу Таиландым зы илъэсрэ ныкъуэрэ щыІауэ къэкІуэжати, абы зэрызригъэщІам нэхърэ нэхъыфІу зэгуэр тхьэмахуитІкІэ а къэралым щыІа дапщэ пльэрт.

Полиглотым и къуэрылъхум жиІэрт, бзэхэр фІыуэ зыгъэшэрыуэр и адэшхуэм зэримызакъуэр, атІэ абы и адэжми бзэуэ щэм нэблагъэ ищІэу зэрыщытар.

Хадсон профессорым и упщІэм и жэуапу цІыхухэм къыхуатхащ итальян кардинал Меццофанти Джузеппе (1774 - 1849) бзэ 72-рэ ищІэу зэрыщытар, абыхэм ящыщу 39-мкІэ щэрыуэу псэльэфу къызэрекІуэкІар. Апхуэдэ дыдэу мэжэр зэдзэкІакІуэ Ломб Като (1909 - 2003) бзэ 17-м ирипсэльэфырт, иджыри 11-кІэ кьеджэфырт. Нэмыцэ Кребс Эмиль (1867 - 1930) бзэ 60 ищІэрт, псальэм папщІэ ермэлылбзэр тхъэмахуи 9-м къриубыдэу зригъэщІат. Абыхэм яхьубжэ хъунуц бзэ 24-рэ зыщІэу щыта нэмыцэ щІэныгъэлІ Энгельс Фридрихи.

Апхуэдэ цІыху щэджащэхэм «гиперполиглот» яфІищащ Хадсон Дик. Абыхэм профессорым яхебжэ бзих е нэхъыбэ зыщІэхэр. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ЩІы хъурейм и языныкъуэ пЛанэпэхэм щыпсэуэхэм бзитху шэрыуэу зыщІэхэр яхэтщ. Псальэм папщІэ, Швейцарием къэралбзиплІ щыІэщ, ахэри ящІэ, етхуанэу инджылызыбзэр нэхъыбэм зрагъащІэ.

Лингвистхэм, психологхэм, нейробиологхэм зэхагъэкІ апхуэдэ цІыхухэм я щхьэкуцІым и зэхэлъыкІэр нэгъуэщІу ararэ я егугъуныгъэкІэ зэрагъэщІарэ. Псальэм папщІэ, Шлиман Генрих дунейпсо коммерсанту зэрыщытым ипкъ иткІэ, бзэ 15 зригъэщІэн хуей хъуащ, къимыгъэсбэпу хъуртэкъыми. ЗэрыжаІэжьимкІэ, кардинал Меццофанти Италием зэрыщыпсалъэ бзэ нэхъ цІыкІухэм ящыщ зыгуэр зы ныбжьым зригъэщІат, пщэдджыжьым щхьэпылъэ ящІыну зы щІалэ-щІэпхъаджащІэм и иужьрей псалъэхэм щІэдзІужьын хуейти.

Бзэ куэд зыщІэм ятеухуауэ мыарэзынырэ къэзыІуатэхэр сыт щыгъуи щыІэщ. Апхуэдэу язныкъуэхэм шэч къытрахьэ Меццофанти бзэ 72-рэ ищІэу зэрыщытам. А жэпуэм зэбгъэщІэн папщІэ зэман дапщэ текІуэдэну? Бзэ къэс псалъэ мин 20 зэрыхэтыр къэпльтэмэ, цІыхум зы дакъикъэм къриубыдэу зы псалъэ зэрыхуэгъащІэм тепщІыхьмэ, бзэ 72-рэ зэбгъэщІэн папщІэ илъэситхурэ ныкъуэкІэ махуэ къэс сыхьэт 12-кІэ убгъэдэсын хуейщ. Апхуэдизыр зэбгъэщІэн нэужьи, пщымыгъупщэжу урипсэльэфын щхьэкІэ, зэман дапщэ текІуэдэн хуей?!

Лингвистхэм къызэралъытэмкІэ, абы пхуэфІэмыкІын хэлъкъым. Псальэм зыкъдэкІуэу жьпІэмэ, Массачусетс технологие институтым (США) щылажьэ Флинн Сюзаннэ кьызэрилъытэмкІэ, цІыхум и акъылыр бзэ дапщи хузэгъэщІэн хуэдэу ухуащ, зэман хурикъумэ. Гарвард университетым (США) щыщ Пинкер Стивени бзэ куэд зэбгъэщІэным ямыгъэл хэлъу кьыщыхуркъым, ауэ зи ухуэкІэкІэ зэщхь бзэхэр пфІызэхэзэрыхьынкІэ хъунущ.

Китайм щыІэ Германие посольствэм зэдзэкІакІуэу щылажьа, нэмыцэ гиперполиглот Кребс и щхьэкуцІым щхьэхунагъэ гуэрхэр иІэу ихьахтащ. Ауэ ар иІэу кьалъхуарэ бзэ 60-м щІигъу зригъэщІа нэужь, апхуэдэу хъуарэ зыми ищІэркъым.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Щхьныгъуэхэр

Мэл кІапэ гъэварэ нартыху хьэлІамэ цІыбынэрэ

Мы ерыскъыгъуэр бжьыхьэ, щІымахуэ шухыну ящІу щытащ. Я́пэщІыкІэ мэл кІапэр ятхьэщІ, тІууэ зэгуагъэж, псы щІыІэ зэрыт шыуаным халъхьэри мафІэшхуэкІэ зэ къытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр чымчыркІэ къытрах, шыгъу хадзэ, мафІэр цІыкІу ящІри и щхьэр тепІауэ ныкъуэвэфІ хъуху трагъат. ИтІанэ хальхьэ бжьыныщхьэ укъэбза мыупщІэта, губгъуэпхъ, адыгэ шыбжьиищхьэ упщІэта. КІапэр хьэзыр хъуху ягъавэри лэпсым кьыхахьж, тепщэчым иралъхъэ, тІэкІу ягъэупщІыІури г 25 - 30 хъууэ тыкъыр цІыкІуурэ ящІатэ, тепщэчым ираКІуэтэ, лэпс пщтыр щІакІэжри хьэлІамэ цІыбынэ ящІыху щагъэтщ, Іэнэм щытрагъэувэнум и деж мэл кІапэ упщІэта пщтырыр тепщэн куум иралъхъэ, лэпс пщтырым чымчыркІэ къыхахыуэр абы и щІыІум цІыбынэр тракІуэтэ, лэпс пщтыркІэ ящІа бжьныныу шыпсыр тракІэж. Зыри дыщІымыгъуу яшх, Іэмал имыІэу шэ хуабэ трафыхьыж. КІапэр зыхэвыкІа лэпсым хьэнтхъупс, шыпс ирипщІ хъунущ. Мы шхынигъуэр сэбэпышхуэщ зи тхьэмбыл узхэмкІэ, щІыпІэ зыхьихьахэмкІэ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
мэл кІапэу - грамм 300,
псыуэ - грамм 1000,
бжьныныщхьэ укъэбзауэ - грамми 100,
шыбжий сыр мыхьэжауэ - грамми 2,
губгъуэпхъыу - тхьэмпищ,
нартыхъ хьэжыгъэу - грамм 600,
гуэдз хьэжыгъэу - грамми 100,
бжьныныху укъэбзауэ - грамм 40,
шыгъуу, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуэйм хуэдиз,
хьэлІамэ цІыбынэ зэращІ псывзу - узыхуэйм хуэдиз.

КІэртІофэ хьэнтхъупс, хугу хэлъу

КІэртІофэ укъэбзар зэпэплІимэ цІыкІуурэ ящІатэ. Шыуаным ит псы къэкъуалъэм шыгъу хадзэри кІэртІофри абы халъхьэ, зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри дакъикъитху-хыкІэ ягъавэ. Абы зэІащІэурэ хугу лъэсар хакІутэ. Тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр цІыкІу ящІри, шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху - дакъикъэ 20 - 25-кІэ - ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэри къэмывэу дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэт, нэхъ Іэфі хъун щхьэкІэ. Іэнэм фалъэ кУкІэ трагъэувэ. Шатэ халъхьэ, къуэнтхъурей трагъащащэри пщтыру яшх. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
псыуэ - грамм 550-рэ,
хугуу - грамм 30,
кІэртІофу - грамм 50,
къэнтхъурейуэ - грамми 8,
шатэу - грамм 40,
шыгъуу - узыхуэйм хуэдиз,
бжьын гъэлыбжьам халъхьэр:
тхъууэ - грамм 15
бжьныщхьэ укъэбзауэ - грамм 15,
шыбжий плъыжь сыр хьэжауэ - узыхуэйм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.

● ГъэщІэгъуэнщ

ХъумпІэцІэджхэр зэи жейркъым

♦**ВымпІухэм я щхьэр ямыгъэсысу кьахуэкІухьыркъым.**
♦**ЦІыхур щыпырхькІэ пщІыхь ильагъуркъым.**
♦**Псы пщтырыр нэхъ хьэлъэщ псы щІыІэм нэхърэ.**
♦**Айсберг мыиным и хьэлъагъыр тонн мелун 20-м щІегъу.**
♦**Лимоным фошыгъу нэхъыбэ хэлъщ мэракІуэм нэхърэ.**
♦**Креветкэхэм я гур я щхьэм илъщ.**
♦**Блэм и фэр щыІэзэридзым деж и нэхэр нэф мэхъу.**
♦**Асльэным и цым и закъуэкъым къуэлэныр, атІэ и фэри къуэлэнщ.**
♦**Джейм и гур зы дакъикъэм 9 къоуэ.**
♦**ХъумпІэцІэджхэр зэи жейркъым.**
♦**Гепардым зы сыхьэтым километри 130-рэ ежьыф.**

● Фэ фщІэрэ?

Нартыху цІынэр щагъавэкІэ шыгъу хадзэркъым

●Ерыскъы Іей щыІэкъым, цІыху Іейщ щыІэр.
●Шэрджэсхэм хьэгулывэр бегъымбар шхыну ябжу щытащ, абы хущхъуэгъуэ куэд зэрыхэлъым щхьэкІэ. Хьэм къыхэщыкІа шхынигъуэхэр ирагъэшхыу щытащ зи къупщхьэ къутахэм - къапщтэмэ, зи дзажэ къутам хьэ мырамысэ ирагъэшхырт, ар захуэу кІыжьын щхьэкІэ. Абы хэлъщ къупщхьэр зыгъэкІыжь пкъыгъуэхэр, къапщтэмэ, фосфор, кальций, нэгъуэщІхэр.
●ЦІыхум и тхэкІумэр щыуэзым и деж, къэрмэфибл дагъэ ирагъаткІуэри мэхъуж.
●Лыр нарзанылпскІэ бгъабзэмэ, нэхъ щІэхыу мавэ икІи лэпс Іэфі къыщІовыкІ.
●Нартыху цІынэр щагъавэкІэ шыгъу хадзэркъым. Шыгъум хьэдзэхэр зэрегъалъэ, вэгъуей ещІ, Іэфіи хъуркъым.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Къулеягъэм къикІыр

Зэгуэрым къулеижьыр цІыху Іущ гуэрым еупщІащ:
- Апхуэдизу зыщыбгъэгубзыгъэкІэ, къулеягъэ щхьэ убгъэдэмылъэрэ?

Къулеижьым дыщэкІэ хэдыкІауэ щыгъ къэпталым зыхуигъаззэри, къриГъэжьащ цІыху Іыхьэ:
- Плъагъуэ, къэптал, сэ си къулеягъэр си гум щызохъумэ, армыхьумэ и щІыІыкІэ щызгъэпІийркъым. А зи плІэ уилъыр щыжкъем дежэ уэри, и пщылІэри, и дыщэхэри - зыри фыкъыздищтэркъым. Жейм хилъафэрэ, асльэнхэм кърахужьауэ епщІыхьмэ, и пщылІхэр дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъуфрынукъым. ХэкІыпІэу иІэр - псынщІэу къэжэныщ. ЩІымахуэ уаем хиубыдауэ пщІыхь ильагъумэ, щІыІэм игъэдиинущ, уэ укъищтэу узытриубгъуэну Іэмал иІэнукъыми. МафІэ зэщІэгъынэкІэ ищІэмэ - аращ къвезыгъэлынур. ЦІыхум и къулеягъэр - хуэзфІэкІырщ. Ар нэрымылъагъуэ тхэлъу аращи, кьыззрыдгъэльагъуэр ІуэгуащІафэщ.

ЦІыху Іущыр и къэпталым зэрыдэуэрщэрым къулеижьыр къриГъэжьащ:
- Уи акъыл уикІаеуэ ара? Щыгъыным щхьэ уепсалъэрэ, ар зыщыгъ сэ сумыльагъуу?

ЦІыху Іущыр пыгуфІыкІащ:
- Мис апхуэдэщ цІыхухэм я нэхъыбэр. Іэпкъльэпкъым епсэльэн я хьэлщ, ар зейм гу лъамытэу.

Абджыр щІэкъутэр

ЕгъэджакІуэр и гъэсэнхэм еупщІащ:
- Щхьэгъубжэм мывэкІэ уеуэмэ, абджыр щхьэ къутэрэ?
- Мывэр хьэльэщи, - къыпищащ зым.
- Абджыр махэщи, - щІигъащ адрейм.
- Мывэр къару льэщкІэ ядзащи, - жиІащ ещанэм.
- Жэуап пэжыр зыми къэфщІэфакъым, - жиІащ егъэджакІуэм. - Абджыр щІэкъутэм и щхьэусыгъуэр щхьэгъубжэр зэрыхуэщІарц. ЦІыхум и хьэл-щэнри абы ещхьщ. Фи гур зэІухауэ дунейм фытети, ары къару фІыщІи кІуэнІэ хуигъуэтынкъым.

ЗэзыдзэкІар
ДОХЪУШОКЪУЭ Синэщ.

Псалъэзэблэдз



Екіуэкіыу: **5**. Пэскэн районым хиубыдэ хуаужь, цІыхуу щІипсэуми и нэхъыбапІэр къущхьэу (осетину). **6**. Хьэцэпэцэм и хьэдзэхэр зрищІэкІ щхьэкІэ. **9**. ТегужьеикІауэ зи мыпЬкур зззыгъззахуэ, нэпсей. **11** .... и кІэм зеуКІыж. **12**. Лъагзу зэтекІута гуэр. **13**. Диным зэрыжиІэмкІэ, зи щІалэгъуэр зэи имыкІыу жэнэтым ис тхъэІухуд. **14**. Жыг лъабжьэм и гъумпІэ. **16**. Налшык къалэм и Іэтащхьэ. **18**. ... лъакъуэрэ джэд пьакъуэрэ зыубыда щыІэ? **20**. Зэгуамыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **22**. ЦІыхупІэ задэ е псы нэпкъ льагэ. **23**. Зи кІапэ лъэныкъуэр упІэщІа гъущІ, пхъэ быдзр иризэгууду. **24**. ... джэлам зи бжьэ лъэныкъуэр теуда Іэщ. **43**. Мыдрисэм щеджэ ныбжьыщІэ. **45**. И лІым кьилэжьым и ныкъуэр игъэпщкІуу фызым ... ещІ.

Къехыу: **1**. Зил кьыпщІэмыуэзым уи ... хуумыІуатэ. **2**. Гагариныр здэлъэта щІыпІэ. **3**. ... имыгтмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **4**. ПшаныхуэщІ. **5**. Нарт лІыхъужь. **7**. УсакІуэ цІэрыІуэ Гъубжокъуэжэ. **8**. Махъсымэр куэдрэ зэрыт кумбыгъэм и льащІэм щІотІысщІ; ЩхьэлъэкІуэ щыщ тхакІуэ Іэззм. **42**. Зи бжьэ лъэныкъуэр теуда Іэщ. **43**. Мыдрисэм щеджэ ныбжьыщІэ. **45**. И лІым кьилэжьым и ныкъуэр игъэпщкІуу фызым ... ещІ.

Къехыу: **1**. Іужажэ. **2**. Нэкуро. **4**. Ерыщ. **6**. Жьауэ. **7**. Макъ. **8**. «Нур». **12**. Зым. **13**. Тхъэрыкъуэ. **14**. Гуп. **15**. Мы. **16**. Яхэгууэ. **19**. Пкъы. **20**. Кумб. **21**. Гъудэ. **22**. Бдзы. **27**. Ер. **28**. Жыр. **30**. Егъу. **31**. ПщІащэ. **32**. Іущхьэ. **33**. Шыд. **34**. Джей. **35**. Губгъуэ. **36**. Къъузанэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **3**. Жьыгей. **5**. Бжьыдзэ. **7**. Медан. **9**. Жасы. **10**. Умар. **11**. Кьэзэр. **17**. Хьэрэ. **18**. Шьитх. **23**. Кьыр. **24**. Хьэмидей. **25**. Гуэдз. **26**. Кьупей. **29**. Перу. **33**. Шэрэдж. **37**. ЩІопщ. **38**. Бжьиз. **39**. Дарий. **40**. Щэбэт. **41**. Джэбын.

Къехыу: **1**. Іужажэ. **2**. Нэкуро. **4**. Ерыщ. **6**. Жьауэ. **7**. Макъ. **8**. «Нур». **12**. Зым. **13**. Тхъэрыкъуэ. **14**. Гуп. **15**. Мы. **16**. Яхэгууэ. **19**. Пкъы. **20**. Кумб. **21**. Гъудэ. **22**. Бдзы. **27**. Ер. **28**. Жыр. **30**. Егъу. **31**. ПщІащэ. **32**. Іущхьэ. **33**. Шыд. **34**. Джей. **35**. Губгъуэ. **36**. Къъузанэ.

● Шхынигъуэхэр

Мэл кІапэ гъэварэ нартыху хьэлІамэ цІыбынэрэ

Мы ерыскъыгъуэр бжьыхьэ, щІымахуэ шухыну ящІу щытащ. Я́пэщІыкІэ мэл кІапэр ятхьэщІ, тІууэ зэгуагъэж, псы щІыІэ зэрыт шыуаным халъхьэри мафІэшхуэкІэ зэ къытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр чымчыркІэ къытрах, шыгъу хадзэ, мафІэр цІыкІу ящІри и щхьэр тепІауэ ныкъуэвэфІ хъуху трагъат. ИтІанэ хальхьэ бжьныныщхьэ укъэбза мыупщІэта, губгъуэпхъ, адыгэ шыбжьиищхьэ упщІэта. КІапэр хьэзыр хъуху ягъавэри лэпсым кьыхахьж, тепщэчым иралъхъэ, тІэкІу ягъэупщІыІури г 25 - 30 хъууэ тыкъыр цІыкІуурэ ящІатэ, тепщэчым ираКІуэтэ, лэпс пщтыр щІакІэжри хьэлІамэ цІыбынэ ящІыху щагъэтщ, Іэнэм щытрагъэувэнум и деж мэл кІапэ упщІэта пщтырыр тепщэн куум иралъхъэ, лэпс пщтырым чымчыркІэ къыхахыуэр абы и щІыІум цІыбынэр тракІуэтэ, лэпс пщтыркІэ ящІа бжьныныу шыпсыр тракІэж. Зыри дыщІымыгъуу яшх, Іэмал имыІэу шэ хуабэ трафыхьыж. КІапэр зыхэвыкІа лэпсым хьэнтхъупс, шыпс ирипщІ хъунущ. Мы шхынигъуэр сэбэпышхуэщ зи тхьэмбыл узхэмкІэ, щІыпІэ зыхьихьахэмкІэ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
мэл кІапэу - грамм 300,
псыуэ - грамм 1000,
бжьныныщхьэ укъэбзауэ - грамми 100,
шыбжий сыр мыхьэжауэ - грамми 2,
губгъуэпхъыу - тхьэмпищ,
нартыхъ хьэжыгъэу - грамм 600,
гуэдз хьэжыгъэу - грамми 100,
бжьныныху укъэбзауэ - грамм 40,
шыгъуу, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуэйм хуэдиз,
хьэлІамэ цІыбынэ зэращІ псывзу - узыхуэйм хуэдиз.

КІэртІофэ хьэнтхъупс, хугу хэлъу

КІэртІофэ укъэбзар зэпэплІимэ цІыкІуурэ ящІатэ. Шыуаным ит псы къэкъуалъэм шыгъу хадзэри кІэртІофри абы халъхьэ, зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри дакъикъитху-хыкІэ ягъавэ. Абы зэІащІэурэ хугу лъэсар хакІутэ. Тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр цІыкІу ящІри, шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху - дакъикъэ 20 - 25-кІэ - ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэри къэмывэу дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэт, нэхъ Іэфі хъун щхьэкІэ. Іэнэм фалъэ кУкІэ трагъэувэ. Шатэ халъхьэ, къуэнтхъурей трагъащащэри пщтыру яшх. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
псыуэ - грамм 550-рэ,
хугуу - грамм 30,
кІэртІофу - грамм 50,
къэнтхъурейуэ - грамми 8,
шатэу - грамм 40,
шыгъуу - узыхуэйм хуэдиз,
бжьын гъэлыбжьам халъхьэр:
тхъууэ - грамм 15
бжьныщхьэ укъэбзауэ - грамм 15,
шыбжий плъыжь сыр хьэжауэ - узыхуэйм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.

● Гушыіэхэр

Уэра хьэмэрэ сэра?

Профессорым студентым экзамен къраІыс. «3» нэхъ мыхъуми хуигъэувыну хуейщи, упщІэ кьыззрыгуэкІ дыдэхэр ирет, студентым зыри ищІэркъым.

- Хьунщ, си упщІэжьм я жэуапыр пщІэркъым, нэхъ мыхъуми уэздэІуэ лекцэжм ящыщ зым щызэхэпхар кьызжеІэж.

ЩІалэм зыри жиІэркъым.

- Лекцэ кьэфхуеджам и цІэ-унэцІэр пщІэжрэ, нэгъуэщІ мыхъуми?

Студентыр щымщ.

- Хьунщ, ижьырей упщІэр узотри, жэуап къыумытмэ, «2» пхузогъэр: хэт лекцэ кьеджар уэра хьэмэрэ сэра?

Зыгуэр къысхуэфщІэ

Полицэм хэт щІалэхэм лІы гуэр гужьеяуэ кьабгъэдэлъадэ:

- Ныбжьэгъу, си машинэр ирахужьащ, сакІэщІэмыхьэурэ сІэщІэкІащ, зыгуэр къысхуэфщІэ.

ЦІыху Іущыр и къэпталым зэрыдэуэрщэрым къулеижьыр къриГъэжьащ:

- Уи акъыл уикІаеуэ ара? Щыгъыным щхьэ уепсалъэрэ, ар зыщыгъ сэ сумыльагъуу?

ЦІыху Іущыр пыгуфІыкІащ:

- Мис апхуэдэщ цІыхухэм я нэхъыбэр. Іэпкъльэпкъым епсэльэн я хьэлщ, ар зейм гу лъамытэу.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Къулеягъэм къикІыр

Зэгуэрым къулеижьыр цІыху Іущ гуэрым еупщІащ:

- Апхуэдизу зыщыбгъэгубзыгъэкІэ, къулеягъэ щхьэ убгъэдэмылъэрэ?

Къулеижьым дыщэкІэ хэдыкІауэ щыгъ къэпталым зыхуигъаззэри, къриГъэжьащ цІыху Іыхьэ:

- Плъагъуэ, къэптал, сэ си къулеягъэр си гум щызохъумэ, армыхьумэ и щІыІыкІэ щызгъэпІийркъым. А си плІэ уилъыр щыжкъем дежэ уэри, и пщылІэри, и дыщэхэри - зыри фыкъыздищтэркъым. Жейм хилъафэрэ, асльэнхэм кърахужьауэ епщІыхьмэ, и пщылІхэр дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъуфрынукъым. Хэкіыпіэу иІэр - псынщІэу къэжэныщ. ЩІымахуэ уаем хиубыдауэ пщІыхь ильагъумэ, щІыІэм игъэдиинущ, уэ укъищтэу узытриубгъуэну Іэмал иІэнукъыми. МафІэ зэщІэгъынэкІэ ищІэмэ - аращ къвезыгъэлынур. ЦІыхум и къулеягъэр - хуэзфІэкІырщ. Ар нэрымылъагъуэ тхэлъу аращи, кьыззрыдгъэльагъуэр ІуэгуащІафэщ.

ЦІыху Іущыр и къэпталым зэрыдэуэрщэрым къулеижьыр къриГъэжьащ:

- Уи акъыл уикІаеуэ ара? Щыгъыным щхьэ уепсалъэрэ, ар зыщыгъ сэ сумыльагъуу?

ЦІыху Іущыр пыгуфІыкІащ:

- Мис апхуэдэщ цІыхухэм я нэхъыбэр. Іэпкъльэпкъым епсэльэн я хьэлщ, ар зейм гу лъамытэу.

ЗэзыдзэкІар
ДОХЪУШОКЪУЭ Синэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, ЩхьэщэмыщІ Иэ.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэдзэм и 19-м Печатным и хуитынымрэ хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я лъэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ,** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэгъуэ ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.173 ● Заказ №715